**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

*Қол жазба ҳуқықында*
*УДК 343.221:347.921.4*

**ИСМАИЛОВ КОНЫСБАИ КУАТБАЕВИЧ**

# Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислеринде адвокат қатнасының ҳуқықый тийкарлары

5А240101 – Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў (конституциялық ҳуқық, ҳәкимшилик ҳәм финанс ҳуқықы, мәмлекет ҳәм ҳуқық тәлийматы)

**Магистр дәрежесин алыў ушын жазылған**

**ДИССЕРТАЦИЯ**

МАК да жақлаўға рухсат
Магистратура бөлими баслығы
___________ доц. Гулимов А.

Кафедра баслығы ________ доц. Реймова З.

Илимий басшы: _________ доц. Реймова З.

НӨКИС – 2013

## МАЗМУНЫ


| | | |
|---|---|---|
| | **Кирисиў**................................................................................ | 3 |
| **I бап.** | **Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққында теориялық түсиниклер**................................................................ | 9 |
| 1.1. | Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық түсиниги ҳәм әҳмийети........... | 9 |
| 1.2. | Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың өзине тән өзгешеликлери... | 16 |
| 1.3. | Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың объекти, субъекти, объектив ҳәм субъектив тәреплери......................................... | 22 |
| | I бап бойынша жуўмақ | 39 |
| **II бап.** | **Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокат қатнасының ҳуқықый тийкарлары**................... | 40 |
| 2.1. | Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар бойынша ис жүргизиўдиң ўазыйпалары ҳәм принциплери.............................................. | 40 |
| 2.2. | Адвокаттың ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерди жүргизиўде басқа уйымлардан өзгешелиги............................ | 47 |
| 2.3. | Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти жүргизиўде қатнасыўшы шахслар ............................................................... | 54 |
| | II бап бойынша жуўмақ | 57 |
| **III бап.** | **Адвокаттың ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўин шөлкемлестириўдиң ҳуқықый ҳүжжетлери..** | 58 |
| 3.1. | Адвокаттың ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде гүўалық ҳәм ордердиң орны ............................ | 58 |
| 3.2. | Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарарға адвокаттың шағым арза бериўи............ | 67 |
| | III бап бойынша жуўмақ | 75 |
| | **Жуўмақлаў**.............................................................................. | 76 |
| | **Пайдаланылған әдебиятлар дизими**......................... | 80 |

## Кирисиў

Мәмлекетимизде жәмийеттиң өз алдына ҳуқық тараўының бир институты есапланған адвокатураға тийисли бир қанша нызамлар ҳәм норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер өз сәўлелениўин тапқан. Бул тараўдағы жетискенликлер демократиялық ҳуқықый мәмлекетти қурыў жолындағы исленип атырған жумыслардың шын мәнидеги көриниси болып табылады.

Өзбекстан Республикасының дүнья жүзинде сиясий майданда мәмлекет сыпатында өз орнына ийе болыўы, өзиниң раўажланыў жолын белгилеп алыўы, жылдан-жылға өзиниң абырайын көтерип барыўы ҳәм халықтың абаданлығын асырып, дүньяның раўажланған мәмлекетлер қатарынан орын алыўында - Конституцияның орны ҳәм әҳмийети шексиз.

Мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Конституциясының 20 жыллығына бағышланған салтанатлы мәжилисинде былай деп тастыйықлап өтеди: «… пуқаралық жәмийетин жедел раўажландырыў, олардың адамларымыздың конституциялық ҳуқық ҳәм мәплерин қорғаў барысындағы ролин асырыў, ҳәкимият дүзилмелери искерлиги жәриялылығын күшейттириў ҳәм басқарыў тараўында қабыл қылынып атырған хабарлардан халықты хабардар етиў сыяқлы мақсетлерге хызмет қылады»[1].

Ҳәзирги ўақытта мәмлекетимизде прокурор ҳәм адвокаттың теңлигин, жынаят ҳәм пуқаралық ислери бойынша суд хызметиниң барлық басқышларында өз-ара тартысыў болыўын тәмийинлеўге, әдил судлаўдың сапасы ҳәм жеделлигин асырыўға қаратылған кең көлемли ис-илажлар избе-из әмелге асырылмақта. Республикамызда усы тараўда әмелге асырылып атырған ис-илажлардан айтып өтетуғын болсақ, 2001-жылда “Жынайый жазалардың либераллastырылыўы мүнәсибети менен Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодекси, Жынаят процессуал Кодекслери ҳәм Ҳәкимшилик жууапкершилик хаққындағы Кодексине

---

[1] Каримов И.А. Инсон манфаати, ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш-бизнинг бош мақсадимиздир. Ўзбекистон Республикаси Конституциясига 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимидаги маърузаси. –Халқ сўзи газетаси, 8-декабрь, 2012, №239

өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында”ғы Нызамның қабыл етилиўи үлкен соцаиллық ҳәм жәмийетлик-сиясий әҳмийетке ийе болғанын исеним менен атап өтиў зәрүр.

2008 жыл 19 ноябрде “Адвокатура институты жетилистирилиўи мүнәсибети менен Өзбекстан Республикасының айырым нызам ҳүжжетлерине өзгертиў ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында”ғы Нызамның қабыл етилиўи бул бағдарда айрықша әҳмийетке ийе болды. Сол тийкарда әмелдеги нызамшылығымызда суд-ҳуқық системасын либералластырыў, инсан ҳуқықларын қорғаўды тәмийинлеў процесиниң ең әҳмийетли қурамлық бөлеги болған адвокатура еркинлигин және де беккемлеўге қаратылған бир қатар өзгерис ҳәм қосымшалар киргизилди[1].

Усы нызамға муўапық, қорғаўшыға жынаят исин алып барыўда жуўапкер болған мәмлекет уйымлары ҳәм лаўазымлы шахслардан пүткиллей ғәрезсиз рәўиште жынаят иси процессиниң ҳәр қандай басқышында қәнигели ҳуқықый жәрдем көрсетиў ҳуқықы берилгени итибарға ылайық. Соның менен бирге, қорғаўшының көрилип атырған исте қатнасыўы ушын ҳуқық қорғаў уйымларынан өзине рухсат берилгени ҳаққында жазба рәўиштеги тастыйықлаўшы ҳүжжет ҳәм сондай-ақ, өз қорғаўындағы шахс пенен ушырасыў ушын рухсат алыў миннетин белгилейтуғын нормалар жынаят процессуал нызамшылығынан шығарылды. Буннан былай олардың барлығы ушын – соған итибар бериўимиз керек деп ойлайман, - адвокатлық гүўалығы ҳәм адвокатлық шөлкеми тәрепинен берилетуғын ордердиң өзи жеткиликли.

**Илимий жумыс темасының актуаллығы.** Республикамыз аймағында адвокаттың ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде жүзеге келип атырған машқалаларды шешиў мәселелери алып қаралады. Нызамда адвокаттың профессионал жумысына тосқынлық етиў, оның өз қорғаўы астындағы шахсқа салыстырғанда позициясын өзгертиў

[1] И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының 2010 жыл 12 ноярбдеги «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды җәнеде тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин раўажландырыў концепциясы» атамасындағы баянаты.

мақсетинде ҳәр қандай түрде тәсир өткериуге қаратылған ҳәрекетлер ушын жууапкершилик белгиленгенин атап өтиу зәрүр. Илимий теманың әҳмийети адвокаттың ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиуде бар болған мәселелердиң шешимин табыу ҳәм оларды бир тәртипке келтириу. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиуде адвокатура уйымларында, судларда ҳәм басқа мәмлекетлик уйымларда адвокатқа мүрәжат етиушилердиң исин жүргизиуде бар болған мәселелердиң шешилиу жолларын излеп табыу, бар болған мәселелердиң илимий шешимин ислеп шығыудан ибарат.

**Изертлеу объекти ҳәм предмети.** Адвокаттың ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиуде изертлеу объекти сыпатында адвокатура уйымлары ҳәм судлар уйымлары алып қаралады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиуде адвокаттың ҳуқықый қатнасын шөлкемлестириу илимий жумыстың предмети болып табылады.

**Илимий жумыстың үйренгенлик дәрежеси.** Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислеринде адвокат қатнасының ҳуқықый тийкарлары менен байланыслы илимий излениулер төмендеги бағдарларда анализленди:

Биринши бағдар: ҳәкимшилик ислер, адвокаттың ҳәкимшилик ислерде қатнасыуының ҳуқықый тийкарларын күшейтириу мәселелерине байланыслы бағдарлар ҳәм олардың концептуал тәреплери Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов мийнетлеринде системалы түрде ашып берилди[1].

Екинши бағдар: ҳәкимшилик ислер, адвокаттың ҳәкимшилик ислерде қатнасыуының ҳуқықый тийкарларының улыума теориялық мәселелери ҳәм усы актуаль машқалалар бойынша сырт еллерде ҳәм Өзбекстан Республикасындағы алымлардың, яғный

---

[1] Бул мийнетлердиң толық дизими диссертацияның пайдаланылған әдебиятлар бөлиминде көрсетилген.

Козлов М.Ю.[1], Алексеев С.С., Бахрах Н.Д., Ренов Э.Н.[2], Бахрах Н.Д., Россинский Б.В., Старилов Ю.Н.,[3] Алехин А.П.[4], Хаманева Н.Ю.[5], Азизов И.Б., Хван Л.Б.[6], Арипджанов А.А.[7], Б. Саломов[8], Хамедов И.[9], Эркин Хожиев, Тўлқин Хожиев[10] ҳәм басқа илимпазлардың илимий мийнетлеринде көрилип шығылған. Бирақ бул илимпазлардың мийнетлеринде ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокаттың ҳуқықый тийкарлары бойынша илимий жумыслар ҳәзирги заман талабына сәйкес түрде еле толық үйренилмеген. Бизлер бул алымлар толық үйренбеген ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокаттың ҳуқықый тийкарларына байланыслы жумысларын толық үйрениўге бағдар алдық. Солай етип бизлер өзимиздиң магистрлик диссертация жумысымызда Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасында ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокаттың ҳуқықый жумысларын шөлкемлестириў ҳәм оларды жетилистириў бойынша усыныс ҳәм пикирлер билдириўди алдымызға мақсет етип қойдық.

**Илимий жумыстың мақсети ҳәм ўазыйпалары.** Мәмлекетимизде ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокаттың ҳуқықый жумысларын жүргизиўди үйрениў, оларды жетилистириў жолларын изертлеўди әмелге асырыў болып есапланады. Бул белгиленген

---

[1] Козлов Ю.М. Административное право. – М.: Юристъ, 2003.
[2] Бахрах Д.Н., Ренов Э.Н. Производство по делам об административных правонарушениях.-М., 1989.
[3] Бахрах Д.Н., Россинский Б.В., Старилов Ю.Н. Административное право. – М.: Норма, 2004.
[4] Алехин А.П., Кармолицкий А.А., Козлов Ю.М. Административное право. – Зерцало, 1998.
[5] Хаманева Н.Ю., Салищева Н.Г. Административная юстиция и административное судопроизводство в Российской Федерации.-М., 2001
[6] Хван Л.Б. Адвокат и производство по делам об административных правонарушениях в Республике Узбекистан. Учебное пособие. Т.: Konsauditinform-Nashr, 2006.
[7] Азизов И.Б., Хван Л.Б. Реестр адвокатов: обеспечение транспарентности и доступа к источникам юридической помощи // В кн.: Реестр адвокатов города Ташкента. Профессиональные сведения об адвокатах. На узб., рус. и англ.языках.-Ташкент, 2004.- 416 с. Арипджанов А.А., Хван Л.Б. Вопросы профессионального поведения и этики адвокатов. В кн.: Адвокатура Узбекистана: содействие в рефор-мировании.-Ташкент: ИД "Мир экономики и права", 2002, с.268-300.
[8] Саломов Б. Узбекистонда адвокатлик фаолияти. Т., "Адолат", 2000.
[9] Хамедов И. Административное право. Учебник.- Т.: УМЭД, 2004.
[10] Эркин Хожиев, Тўлқин Хожиев. Маъмурий ҳуқуқ: Бакалавриатнинг 5380100 - Юриспруденция йўналиши магистрлари учун дарслик / Масъул муҳаррир: ю.ф.д., проф. М.Х.Рустамбаев. – Т.: 2006.

мақсетлерге ерисиў ушын бизлер бир қанша ўазыйпаларды әмелге асырыўымыз керек:

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокаттың ҳуқықый жумыслары бойынша нызамлықларын үйрениў;

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокаттың ҳуқықый жумысларына тийисли өзгерис киритилген жаңа нызамлар ҳәм норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди үйрениў;

- адвокатура уйымларында ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокаттың ҳуқықый жумысларын ҳәрекетке келтириўши ордерди әмелге асырыўдың әҳмийетин үйрениў;

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокаттың ҳуқықый жумысларын жетилистириў бойынша пикир ҳәм усынıслар билдириў ҳ. т. б.

**Илимий жумыстың методологиялық тийкары ҳәм усыллары сыпатында.** Өзбекстан Республикасы нызамлары, Президент мийнетлеринде көрсетилип өтилген миллий идеология теориялары, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүритиў бойынша жазылған илимпазлардың мийнетлери хызмет етеди. Илимий жумысты жүргизиўде монографиялық изертлеўлер, еки жақлама жазыў, басқада усыллардан кең пайдаланылды.

**Магистрлик диссертация жумысының илимий жаңалығы.** Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасындағы Адвокатура уйымларының хызметкерлери ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўдиң өзгешеликлери ҳәм оларды жетилистириў бойынша иләжлары көрсетилген, соларға тийкарланған пикир ҳәм усыныслар келтирилди.

**Диссертация жумысының теориялық ҳәм әмелий әҳмийети.** Адвокатура уйымларында ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиў ҳаққында нызамлар, норматив-ҳуқықый базасының қәлиплесиўи, оларды әмелиятта қоллаўда толық ҳәм анық мағлыўматларды алыўға

мүмкиншилик жаратылыўы. Изертлеў жумысы нәтийжесинде исленген илимий теориялық жуўмақ ҳәм усынысларды адвокатура уйымларында пайдаланыўы мүмкин. Жумысларды жүргизиўде өзгешеликлерди есапқа алған ҳалда жетилистириў бойынша иләжлары есапқа алынса дүнья стандартларына жақынлаў бойынша жақсы нәтийжелерге ерисиўине мүмкиншилик болады.

**Магистрлик диссертация жумысының дүзилиси.** Илимий диссертация жумысы титулы, мазмуны, кирисиў, тийкарғы бөлими: үш бап, сегиз параграф, жуўмақлаў, әдебиятлар дизими ҳәм қосымшалардан ибарат.

Магистрлик диссертация жумысының кирисиў бөлиминде Адвокатура уйымларында ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүритиўи ҳаққында актуал машқалалары ҳәм оларды әмелге асырыў бойынша мәселелер қозғалды.

Биринши бабында ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққында теориялық түсиниклер, екинши бабында ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокат қатнасының ҳуқықый тийкарлары, үшинши бабында адвокаттың ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўдеги ҳуқықый ҳүжжетлери ҳаққында көрсетилип өтилди.

Жуўмақлаў бөлиминде ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокатура уйымларында ҳәм судларда көрип шығыў жағдайлары, жумысларын нызам қағыйдаға муўапық шөлкемлестириў жоллары бойынша илимий тийкарланған пикир ҳәм усынıслар берилген.

Магистрлик дассертация жумысының жазылыўында Өзбекстан Республикасы Конституциясынан, Қарақалпақстан Республикасы Конституциясынан, Өзбекстан Республикасы нызамларынан, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманларынан, Министрлер Кабинетиниң қарарларынан, Әдиллик Министрлигиниң буйрықларынан, Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекстен, илимий журналлардан, газета материалларының мағлыўматларынан пайдаланылды.

# I бап. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққында теориялық түсиниклер.

## 1.1. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық түсиниги ҳәм әҳмийети

Ҳуқықтаныў әдебиятларының көпшилигинде ҳәкимшилик жуўапкершиликти қоллаўдың еки тийкары көрсетип өтилген: биринщиден, нызам – ҳуқықый (нормативлик) тийкары сыпатында; екинщиден, ҳәкимшилик орынсыз қатты-ҳәрекет (ҳуқықбузарлық) – фактикалық тийкары сыпатында.

Ҳәкимшилик жуўапкершиликтиң бул еки тийкары да Өзбекстан Республикасы нызамшылығында өз көринисин тапқан. Соның менен, Өзбекстан Республикасының Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң 1-статьясында көрсетилгениндей ҳәкимшилик жуўапкершиликтиң ҳуқықый (норматив) тийкары беккемлеп қойылған.

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң 10-статьясына тийкарланып, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық дегенде – нызам ҳүжжетлерине муўапық[1] ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартыў нәзерде тутылған шахсқа, пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерине, мүликшиликке, мәмлекет ҳәм жәмәәт тәртибине, тәбийий орталыққа қастыянлық етиўши ҳуқыққа қарсы, айыплы (қастан ямаса ықтыятсызлық арқасында) исленген ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлик түсиниледи.

Ҳуқық тәлийматына муўапық, ҳәр қандай юридик жуўапкершиликтиң тийкарын – нызамға қарсы, айыплы қылмыс (ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлик), яғный ҳуқықбузарлық қурайды. Ҳуқықбузарлықлар өзиниң мазмуны, юридик қәсийетлери ҳәм қурамына ийе болып, түрли нызам ҳүжжетлери менен тәртипке салынады.

Ҳуқықбузарлық социаллық мәниде, пуқаралар, жәмийет ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплерине қәўипти жүзеге келтириўши минез-қулық болып, ол жәмийетлик қатнасықлардың раўажланыўына тосқынлық қылады ҳәм

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси.Т.: 2010, 8 б.

олардың бузылыўына алып келеди. Ҳуқықбузарлық қастан ямаса ықтыятсызлық арқасында исленетуғын минез-қулық болып, оның нәтийжесинде жәмийет, мәмлекет ҳәм пуқаралар мәплерине материаллық ямаса руўхый зыян жеткизиледи. Ҳуқықбузарлық – орнатылған әдеп-икрамлық қағыйдаларының бузылыўында сәўлеленеди.

Ҳуқықтаныўшы алым Д.Н.Бахрахтың айтып өтиўинше, ҳәр қандай юридикалық жуўапкершилик тийкары үшке бөлинеде: биринשиден, норматив тийкары-бул оны тәртипке салыўшы ҳуқықый нормалар системасы болып табылады; екиншиден, фактикалық тийкары-бул ҳуқық субъектлериниң ҳуқыққа қайшы қылмысы болып табылады; үшиншиден, процессуал тийкары-бул анық субъектлерге қарата санкцияларды қоллаў бойынша ҳәкимият субъектлериниң актлери болып есапланады.[1]

Бизлердиң пикиримизше, Д.Н.Бахрах тәрепинен көрсетип өтилген норматив тийкары менен процессуал тийкары бир мазмунға ийе. Процессуал актлерди өз алдына категория сыпатында көрсетип өтиўдиң кереги жоқ. Себеби, процессуал актлер норматив актлердиң бир көриниси, қурамлы бөлеги есапланады. Сол себепли, ҳәкимшилик жуўапкершиликти қоллаўдың тийкарын еки бағдарда көрип шығыў мақсетке муўапық есапланады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық бойынша Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң 10-статьясында болса, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық дегенде (фактикалық тийкары) – нызам ҳүжжетлерине муўапық ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартыў нәзерде тутылған, шахсқа, пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерине, мүлкине, мәмлекет ҳәм жәмәәт тәртибине, тәбийий орталыққа қастыянлық етиўши ҳуқыққа қайшы, айыплы (қастан ямаса абайсызлық арқасында) исленген ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлик түсиниледи.

Ҳуқық теориясында, ҳәр қандай юридикалық жуўапкершиликтиң тийкарын – нызамға қайшы, айыплы қылмыс (ҳәрекет ямаса

[1] Бахрах Д.Н., Россинский Б.В., Старилов Ю.Н. Административное право: Учебник для вузов.М.: Норма, 2004. 484 б.

ҳәрекетсизлик), яғный ҳуқықбузарлық қурайды. Ҳуқықбузарлықлар өзиниң мазмуны, юридикалық өзгешеликтлери ҳәм қурамына ийе болып, түрли нызам ҳүжжетлери менен тәртипке салынады.

Ҳуқықбузарлық социаллық мәниде, пуқаралар, жәмийет ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплерине қәўипти жүзеге келтириўши минез-қулық болып, ол жәмийетлик қатнасықлардың раўажланыўына тосқынлық қылады ҳәм олардың бузылыўына алып келеди. Ҳуқықбузарлық қастан ямаса абайсызлық арқасында исленетуғын минез-қулық болып, оның нәтийжесинде жәмийет, мәмлекет ҳәм пуқаралар мәплерине материаллық ямаса руўхый зыян жеткериледи. Ҳуқықбузарлық – орнатылған минез-қулық қағыйдаларының бузылыўында сәўлеленеди.

Мәмлекетлик басқарыўы тараўында исленетуғын ҳәм көп ушырайтуғын ҳуқықбузарлық көринислеринен бири – бул ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық болып табылады. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың мазмуны - әмелдеги нызамшылығымызда анық көрсетип өтилген болып, төмендеги улыўма қәсийетлерге ийе есапланады:

бириншиден, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық – жәмийетлик зыянлы есапланады, яғный олардың садыр қылыныўы менен жәмийет ҳәм пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплерине мәлим бир материаллық ҳәм руўхый зыян жеткериледи;

екиншиден, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық – ҳәкимшилик ҳуқыққа қарсы есапланады, яғный бундай қатты-ҳәрекетлерди ислеў нызам ҳүжжетлери менен туўрыдан-туўры қадаған етиледи.

Айрым жағдайларда, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳәкимшилик-ҳуқықый нормаларды бузыў мәнисинде анализ қылынады. Бирақ усы нәрсеге өз алдына итибар бериў керек, ҳәкимшилик-ҳуқықый нормалар түрли көриниске ийе, мәселен, үлгили минез-қулық қағыйдаларын орнатыўшы – тәртипке салыўшы ҳәкимшилик-ҳуқықый нормалар ҳәм бул қағыйдалардың бузылыўы ушын жуўапкершиликти орнатыўшы – қорғаўшы ҳәкимшилик-ҳуқықый нормалар.

Ҳуқықбузарлықларға қарсы гүресиўде, әдетте, үш көринистеги: интизамий, ҳәкимшилик ҳәм жынайый жаза санкцияларынан пайдаланылады. Усы санкциялар барлық ҳуқық тармақларында қорғаў ўазыйпасын орынлайды. Мәселен, ҳәкимшилик жуўапкершилик конституциялық, финанс, мийнет, пуқаралық, жер ҳәм басқа ҳуқық тармақларының тәртипке салыўшы нормаларын қорғаў мақсетинде қолланылады. Сол себепли, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық улыўма ҳәкимшилик-ҳуқықый нормалар бузылыўы сыпатында емес, бәлки анық - тәртипке салыўшы нормалардың бузылыўы сыпатында анализ қылыныўы лазым;

үшиншиден, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық – бул қылмыс есапланады. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық – бир ямаса бир неше инсанлардың аңлы ҳәм ерик-ықрарлы ҳәрекети ямаса ҳәрекетсизлигинде сәўлеленеди;

төртиншиден, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық – физикалық шахс тәрепинен исленетуғын қылмыс есапланады. Өзбекстан Республикасының Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексине муўапық ҳәкимшилик жуўапкершиликтиң субъекти сыпатында тек ғана физикалық шахслар пайда болыўы мүмкин.

Қурылыс тараўында ҳәкимшилик жуўапкершиликтиң субъекти сыпатында юридикалық шахслар да пайда болыўы мүмкин.

бесиншиден, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықта – айыптың бар болыўы, яғный ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық – қастан ямаса абайсызлық арқасында исленетуғын аңлы, ерик-ықрарлы қылмыс есапланады.

Юридикалық әдебиятларда, еки термин – «ҳуқықбузарлық» ҳәм «бузыў» түсиниклери қолланылады. Бузыў – ҳуқық нормалары талапларының бузылыўын ямаса оған әмел қылынбағанын аңлатады. Оның ҳуқықбузарлықтан парқы, тәртипке салыўшы ҳәм қорғаўшы ҳәкимшилик-ҳуқықый нормалардың бузылыўында пайда болады. Бундай қатты-ҳәрекетлер қатнасыққа уқыпсыз, ақылы кемис, өз ҳәрекетиниң ақыбетин түсинбейтуғын шахслар тәрепиненислениўи мүмкинлигин итибарға

алатуғын болсақ, айыпсыз есапланады. Ҳуқықбузарлық болса - ҳуқыққа қарсы айыплы қылмыс есапланады.

алтыншыдан, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық – жазаға ылайық қылмыс есапланады.

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң 10-статьясының 1-бөлимине тийкарланып ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық дегенде – нызам ҳүжжетлерине муўапық ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартыў нәзерде тутылған ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық қылмыс түсиниледи.

Исленген ҳуқықбузарлық ушын нызам ҳүжжетлеринде жуўапкершилик нәзерде тутылған тәғдирде ғана, бундай қатты-ҳәрекетлер ҳуқықбузарлық сыпатында мақулланыўы мүмкин. Жуўапкершиликке тартыў – ҳуқықбузарлықтың тийкарғы өзгешеликлеринен бири есапланады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ушын ҳәкимшилик жуўапкершилик, бул ҳуқықбузарлық өзиниң өзгешеликлерине қарай жынайый жуўапкершиликке тартыўға себеп болмаған тәғдирде, әмелге асырылады, - деп кодекстиң 10-статьясының 2-бөлиминде көрсетилген. Бирақ жынайый жуўапкершиликке тартыўға себеп болатуғын жағдайлар усы кодексте нәзерде тутылмаған. Тек ғана, кодекстиң 271-статьясы 8-бәнтинде[1] ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылып атырған шахс ҳаққында сол факт бойынша жынайый ис қозғатылған болса, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти жүргизиўди баслаў мүмкин емеслиги, басланған ис болса тамамланыўы лазымлығы белгиленген.

Исленген қылмыс бир ўақыттың өзинде жынаят ҳәм ҳуқықбузарлық болыўы мүмкин емес. Дәслепки нызам ҳүжжетинде де, жаңа нызам ҳүжжетинде де жынаяттың үстинлигине итибар берилген. Исленген қылмыс жынаяттың ҳәм ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың қәсийетлерине ийе болса, бул қылмыс ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық сыпатында тән

[1] Ўзбекистон Республикаси Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Т.: 2010, 170 б.

алыныўы мүмкин емес. Ҳуқықтаныўшы бул жағдайды барлық ўақытта есте сақлаўы лазым. Буннан тысқары, юридикалық әдебиятларда «ҳуқықбузарлық» ҳәм «орынсыз қатты-ҳәрекет» терминлери көрсетип өтилген. Бул терминлер мазмун ҳәм қәсийетлери тәрепинен уқсап кетеди. Лекин ҳуқықбузарлық кең түсиник болса, ҳуқық теориясына муўапық, барлық ҳуқықбузарлықлар жынаят ямаса орынсыз қатты-ҳәрекет сыпатында пайда болыўы мүмкин. Ҳәкимшилик, интизамий ҳуқықбузарлықлар – ҳәкимшилик, интизамий орынсыз қатты-ҳәрекет сыпатында пайда болады.

Ҳәкимшилик мәжбүрлеўге байланыслы ҳуқықтаныўшы алымлардан бири Ю.М.Козловтың мынандай пикир билдиреди, ҳәкимшилик мәжбүрлеў – тийкарғы мақсет емес, бәлким мәмлекетлик мәжбүрлеўдиң бир көриниси болып, одан ҳуқықый тәртипти қорғаў ҳәм тәмийинлеўдиң ақырғы усылы сыпатында пайдаланылады. Ҳәкимшилик мәжбүрлеў шараларынан – ҳуқықбузарлықларды ескертиў ҳәм шеклеў, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин көрип шығыўды, сондай-ақ, тийисли рәўиште жәмәәт тәртиби ҳәм қәўипсизлигин тәмийинлеў қуралы сыпатында пайдаланылады. Кең мәниде, ҳәкимшилик мәжбүрлеў – ҳәкимшилик-ҳуқықый нормаларда сәўлеленген минез-қулық қағыйдаларының орынланыўын тәмийинлейди. Ҳәкимшилик мәжбүрлеў, әдетте, судтан тысқары қолланылатуғын шаралар болып, атқарыўшы ҳәкимият уйымлары (лаўазымлы шахслар) тәрепинен олардың күнделик хызмети процесинде қолланылады. Нызамда нәзерде тутылған жағдайларда, олар суд уйымлары тәрепинен де қолланылады[1].

С.С.Алексеевтиң көрсетиўинше, ҳуқықый нормалардың өзи, тек ғана мәжбүрлеў имканиятын нәзерде тутады. Ҳақыйқаттан болса, ҳуқықый тәртипке салыўдың ҳәкимият-мәжбүрлеў өзгешеликлери – ҳуқықты қоллаў актлеринде сәўлеленеди.

---

[1] Козлов Ю.М. Административное право. – М.: Юристъ, 2003. 160-164-б.лар

Ҳәкимшилик мәжбүрлеў, Х.Р.Алимовтың пикиринше[1], инсанлардың аңына ҳәм минез-қулқына руўхый ямаса физикалық тәсир көрсетиў усылы болып, мәмлекетлик басқарыў тараўында айыпкер шахсларды ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартыў, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықларды ескертиў ҳәм шеклеў мақсетинде қолланылады.

Ҳәкимшилик мәжбүрлеўди төмендегише көрсетиўге болады:

- әдетте, мәмлекетлик басқарыў уйымлары тәрепинен қолланылады; айрым жағдайларда, судья, ўәкилликли уйымлар, сондай-ақ жәмәәт бирлеспелери тәрепинен қолланылыўы мүмкин;

- ҳуқықты қоллаў органы менен хызмет бойсыныўында болмаған шахсларға қарата қолланылады;

- оларды қоллаўшы органлар шеңбериниң кеңлиги;

- инсанларды ҳуқықый қағыйдаға ҳүрмет пенен қараў руўхында тәрбиялаў сыяқлы улыўма мақсетке қаратылған – ҳуқықбузарларды жазалаў, ҳуқықбузарларды ескертиў ҳәм шеклеў мақсетинде қолланылады;

- шахслардың ҳуқықларын шеклеўге қаратылады;

- орнатылған тәртипке қарсы қаратылған ҳәрекетлерди ислеген шахсларға қарата қолланылады;

- процессуал тәртипке ийе;

- оларды қоллаў жынаятшылықтың алдын алыўға хызмет қылады;

- көпшилик жағдайларда, ҳуқықбузарларға қарата, айрым жағдайларда болса, бундай қатты-ҳәрекетти ислемеген шахсларға қарата (мәселен, айрықша жағдайларда, ҳуқықбузарлық садыр етилиўин ескертиўде) қолланылыўы мүмкин;

- олар басқарыў хызметиниң барлық субъектлери емес, бәлким нызам ҳүжжетлери менен арнаўлы ўәкиллик берилген органлар тәрепинен әмелге асырылады.

---

[1] Алимов Х.Р., Махмудов А.А., Исмоилов Н.Т. Маъмурий ҳуқуқ. Дарслик. 2-нашр. – Т.: Ўзбекистон Республикаси ИИВ Академияси, 2003.— 367 б.

Юридикалық әдебиятларда, басқарыў хызметиниң субъектлери тәрепинен қолланылатуғын ҳәкимшилик-ҳуқықый мәжбүрлеў "ҳәкимшилик мәжбүрлеў" деп көрсетиледи. Лекин бул еки термин аталыўы жағынан бир-бирине қусап кетсе де, әйне бир нәрсениң өзи емес. Солардан, ҳәкимшилиқ мәжбүрий ҳәкимшилик-ҳуқықый мәжбүрлеўге қаратылған кеңрек түсиник болып, ҳуқықыққа қайшы көринисинде (мәселен, өзбасымшалық, басым) де болыўы мүмкин. Сол себепли, ҳәкимшилик ҳуқықтың ямаса басқарыў хызметиниң тийкарғы усылы ҳаққында айтқанда, сол ҳуқықый мәжбүрлеўди нәзерде тутыў лазым.

## 1.2. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың өзине тән өзгешеликлери

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың өзине тән өзгешеликлери, мәмлекеттиң ҳуқықый системасы, әдетте үш топарға, жынайый, ҳәкимшилик ҳәм интизамий жаза санкциялары менен қорғалады. Солай екен, анық жағдайларға қарап сайлаў ҳуқықын, мүликшиликти, мийнет, санитария, экология қағыйдаларын бузыў ушын жынайый яки ҳәкимшилик ямаса интизамий жуўапкершилик қолланылыўы мүмкин. Усы жуўапкершиликлердиң бириншиден, уқсас тәрепи содан ибарат, олар ҳуқықый тәртипти корғайды; екиншиден, бул жуўапкершилик санкциялары нызамлар менен орнатылған; үшиншиден, олар ҳуқыққа карсы айыплы қылмыс (ҳуқықбузарлықлар) ушын қолланылады; төртиншиден, нызам ҳүжжетлеринде жуўапкершиликлерди қоллаў процесси ҳәм жуўапкершиликти қоллаўшы органлардың ўәкилликлери көрсетип өтилген; бесиншиден, оларды қоллаў айыпкер шахсқа карата «бахытсыз» ақыбетлерди, сондай-ақ, мәлим бир мүддетке жуўапкершиликке тартылғанлығына алып келеди. Мәселен, жынаятта судланғанлық, ҳәкимшилик ҳәм интизамийде бир жыллық мүддет деп есапланады[1].

---

[1] Административное право Республики Узбекистан // Авт. коллектив: Х.Р.Алимов, Л.И.Соловьева и др./ - Т.: "Адолат", 1999. 193 б.

Демек, жынайый, ҳәкимшилик ҳәм интизамий жуўапкершилик көп ғана уқсас тәреплерге ийе болып табылады. Лекин нызамшылық тәртибин тәмийинлеўде ҳуқықбузарлықты дурыс классификациялаў, айыпкер шахсты нызамлы ҳәм тийкарланған жазаға тартыў мақсетинде, ҳуқықбузарлық көринислерин парықлаў лазым болады.

Жынаят орынсыз қатты-ҳәрекеттен (ҳәкимшилик, интизамий) бир қатар өзгешеликлер менен парықланады. Бул биринши нәўбетте, ҳуқыққа қарсы қылмыстың жәмийетлик қәўипи ҳәм түри.

Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң 14-статьясына муўапық[1], усы Кодекс пенен қадаған етилген, айыплы жәмийетлик қәўипли қылмыс (ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлик) жаза қоллаў мүмкин болса – жынаят деп есапланады. Усы Кодекс пенен қорғалатуғын объектлерге зыян жеткеретуғын ямаса сондай зыян жеткериў реал қәўипти келтирип шығаратуғын қылмыс - жәмийетлик қәўипли қылмыс деп табылады.

Дурыс, ҳәр қандай ҳуқыққа қарсы қылмыстан келип шығатуғын материаллық, яғный жәмийетке келтирилетуғын зыян дәрежеси биринши орында турады. Оған карап ҳуқыққа қарсы қылмыстың түри: жынайый, ҳәкимшилик ямаса интизамий ҳуқықбузарлық екенлиги мәселеси шешиледи. Екиншиден болса, усы жуўапкершиликлерди парықлаўда – түрли процессуал нормалар арқалы тәртипке салынғанлығы, сондай-ақ, судланғанлық ҳәм ҳәкимшилик ямаса интизамий жуўапкершиликке тартылғанлық мәселеси итибарға алынады.

Ҳуқықтаныў әдебиятларында, ҳуқықбузарлықлардың жәмийетлик қәўипли мәселеси бойынша еки түрли жантасыў бар. Көп ғана ҳуқықтаныўшы алымлар, ҳуқықбузарлықлардың барлығы жәмийетлик қәўипли, яғный жынаятлар - жәмийетлик қәўипи жоқары болған, орынсыз қатты-ҳәрекетлер болса, кем әҳмийетли ҳуқықбузарлық, деп көрсетеди.

Базы ҳуқықтаныўшы алымлардың көрсетиўинше, ҳуқықбузарлықлар ортасында өлшемли дәреже (жәмийетлик қәўиптиң жоқары ямаса кем

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят Кодекси Т. «Адолат» 2011, 8 б.

әҳмийетлилиги) емес, бәлки анық сыпатлаўшы парықлары бар. Жынаят жәмийетлик қәўипли, орынсыз қатты-ҳәрекетлери болса, жәмийетлик қәўипли емес.

Ҳуқықбузарлықтың жәмийетлик қәўипи бар болыўы ямаса жоқлығы ҳаққындағы мәселе тийисли мәмлекет уйымлары ўәкиллигине кирип, ҳуқықбузарлық қурамының өзгешеликлерин анықлаў арқалы шешиледи.

Орынсыз қатты-ҳәрекетлерди жәмийетлик қәўипли қылмысқа кириўи ямаса кирмеўи мәселеси көп ўақыт даўамында тартыслы болып келмекте. Жәмийетлик қәўипли қылмыстың анық дәрежелери орнатылмас екен, бир қарарға келиў мүшкил есапланады. Мәселен, белгиленбеген орыннан көшени кесип өтиў, транспортта билетсиз жүриў, әскерий дизимде турыў миннетлемесин орынламағанлық ҳәм басқа соған уқсас қатты-ҳәрекетлер жәмийетлик қәўипли деп табылса, «жәмийетлик қәўипли» деген сөздиң түсиниги не, бул түсиниктиң шегарасы қаерде, деген сораў пайда болады.

Жәмийетлик қәўипли қылмыс – бул жәмийетлик қатнасықларға мәлим бир зыян келтиретуғын ямаса келтириўи мүмкин болған қылмыс есапланады. Бундай қатты-ҳәректлердиң жыйындысы мәлим бир тарийх шәраятында, жәмийеттиң бар болыўына тәсир көрсетиўи мүмкин. Сол себепли, барлық ҳуқықбузарлықты (сондай-ақ, ҳәкимшилик орынсыз қатты-ҳәрекетлерди) жәмийетлик қәўипли қылмыс деп табыў мүмкин емес.

Базы бир ҳуқықтаныўшы алымлар, ҳәкимшилик орынсыз қатты-ҳәрекетлерде жәмийетлик қәўипи бар болыўын, пүткиллей бийкарлайды. Лекин сол жағдайға да итибар бериў керек, улыўма қағыйдаға туўры келмесе де, базы бир орынсыз қатты-ҳәрекетлер жәмийетлик қәўипти жүзеге келтириўи мүмкин.

Орынсыз қатты-ҳәрекетлер, әдетте жәмийетлик қәўиплилик өзгешелигине ийе болмастан, жәмийетлик зыянлы қылмыс есапланады.

Демек, жынаяттың орынсыз қатты-ҳәрекетинен тийкарғы парқы, онда қылмыс жәмийетлик қәуипли есапланады. Мәселен, бир көриниске ийе болған, лекин еки түрли жуўапкершиликти жүзеге келтиретуғын ҳуқықбузарлықты, яғный жынаят ҳәм ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ортасындағы парықты, жәмийетли қәуипли дәрежесинде көриў мүмкин. Соның менен, ҲЖхКниң 41-статьясына муўапық[1] ақыретлеў, яғный шахстың абырайы ҳәм қәдир-қымбатын қастан кемситиў – ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық есапланады. ЖКниң 140-статьясына муўапық[2] болса, ақыретлеў, яғный шахстың абырайы ҳәм қәдир-қымбатын бийәдеплик пенен қастан садыр етиўи, сондай ҳәрекетлер ушын ҳәкимшилик жаза қолланылғаннан кейин исленген болса, жынаят есапланады. Бунда, ақыретлеў ҳәрекети ҳәкимшилик жаза қолланылғаннан кейин, қайта islениўи жәмийетлик қәуипти (жынайый қылмысты) жүзеге келтиреди.

Нызам шығарыўшы ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықларға тәриплеў берер екен, жынаятлардан парқы, оларды жәмийетлик қәуипли қатты-ҳәрекетлер деп атамаған. Соның менен ҳуқықбузарлықлар усы еки түриниң парықлары көрсетилген.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ортасында жынаятларға тутасып кететуғынлары ҳәм оларға жақын туратуғынлары да бар болып, олар ортасындағы шегараны анықлаў мәселеси жүзеге келеди. Өзбекстан Республикасының Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекси арнаўлы бөлиминиң көп ғана көрсетилген ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар менен оларға жақын жынаятлар ортасындағы анық шегараға ийе емес ямаса әне сондай шегаралар ҳәмме ўақыт да көзге тасланабермейди. Олар тек ғана Жынаят кодекси менен Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң тийисли статьялары салыстырғанда пайда болыўы мүмкин.

Айрым жағдайларда, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық пенен жынаятлар ортасындағы парықлаўшы өзгешеликлер (шегара сызықлары) сыпатында:

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Т.: 2010. 20 б.
[2] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят кодекси. Т. «Адолат», 2011, 79 б.

биринштиден, аўыр ақыбетлердиң бар болыўы, әне сондай ақыбетлердиң жүз бериўи мүмкинлиги; екинштиден, ҳуқықбузарлық ақыбетинде жеткерилген зыянның муғдары; үшинштиден, ҳәкимшилик жаза қолланылғаннан кейин тәкирар ҳуқықбузарлықты ислеў ҳәм басқалар көрсетилип өтиледи.

Қылмыс жынаят ямаса ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық сыпатында классификацияланғаннан кейин, жууапкершиликке тартыў тәртиби, жаза шарасы ҳәм басқаларда пайда болыўшы екинши дәрежели өзгешеликлер жүзеге келеди.

Соның менен, Ҳәкимшилик жууапкершилик ҳаққындағы кодексине муўапық 16 жасқа толған пуқаралар, Жынаят кодексиниң айрым жынаяты ушын яғный 97-статья 2-бөлимде 13 жасқа толған пуқара жууапкершиликке тартылады;

Ҳәкимшилик жууапкершиликте оны қоллаў процесси әпиўайыластырылған (мәселен, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты ислеген шахсқа баянламаны дүзиў арқалы ҳәкимшилик жазаны қоллаў мүмкин), жынаятта болса, жынаят процессуал нызамшылығында нәзерде тутылған процессуал ҳәрекетлерди әмелге асырыў лазым;

Ҳәкимшилик жууапкершилик суд ҳәм басқа мәмлекет уйымлары тәрепинен, ал жынайый жууапкершилик болса, тек ғана суд уйымлары тәрепинен қолланыўы мүмкин ҳәм басқалар.

Ҳәкимшилик орынсыз қатты-ҳәрекетлер менен интизамий орынсыз қатты-ҳәрекетлерди салыстырғанда, олардың екеўи де жәмийетлик қәўипли қылмыс есапланбаўын итибарға алыў лазым. Бирақ олардың формал өзгешелиги – ҳуқыққа қарсылығы көзқарастан келип шыққанда, мәлим бир парықлы тәреплери бар. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық пенен байланыслы болған барлық жағдайлар: оның қурамы, санкциялар системасы ҳәм басқалар ҳәкимшилик ҳуқық пенен тәртипке салынады. Интизамий орынсыз қатты-ҳәрекетлерге қарсы гүресиў – мийнет нызамшылығы менен, әскерий хызметкерлердиң, жыйынға шақырылған

әскерий хызметке миннетлилер ҳәм де ишки ислер уйымларының әпиўайы әскерлер ҳәм баслықлар қурамына кириўши шахслардың интизамий жуўапкершилиги - ҳәкимшилик нызамшылық (интизам уставлары) пенен, еркинен айрылған шахсларды болса – жынаят орынлаў нызамшылығы менен тәртипке салынады. Бунда интизамий орынсыз қатты-ҳәрекетлердиң қурамы улыўма жағдайда көрсетип өтилген, яғный анықластырылмаған.

Интизамий жуўапкершилик әдетте, хызмет ўазыйпаларын орынламағанлықтан ямаса лазым дәрежеде орынламағанлықтан жүзеге келеди. Ҳәкимшилик жуўапкершилик болса, улыўма қағыйдаға муўапық, мәмлекетлик басқарыў тараўындағы улыўма мәжбүрий қағыйдалардың орынланбағанлығынан ямаса лазым дәрежеде орынланбағанлығынан келип шығады. Демек, ҳәкимшилик жуўапкершилик тәрепинен қорғалатуғын жәмийетлик қатнасықлар шеңбери, интизамий жуўапкершиликке қарағанда кеңрек есапланады.

Интизамий орынсыз қатты-ҳәрекетлер ушын интизамий жуўапкершилик ўәкилликли баслық (жоқары турыўшы орган ямаса лаўазымлы шахс) тәрепинен өзине бойсынған шахсқа қарата, ҳәкимшилик жуўапкершиликте болса – ўәкилликли мәмлекет уйымлары ямаса лаўазымлы шахслар тәрепинен хызмет бойынша бойсыныўшылық болмаған жағдайларда қолланылады.

Демек, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық (орынсыз қатты-ҳәрекет) түсиниги жынаят ҳәм интизамий орынсыз қатты-ҳәрекет түсиниклерине жақын турыўы менен бир ўақытта, түрли тийкарларға көре парықланыўшы ҳәм өзине тән болған өзгешеликлерге де ийе есапланады.

Ҳәкимшилик жуўапкершилик мәселеси көп ғана юрист алымлар тәрепинен изертленген болып, олардың көпшилиги бул мәселеге дийерли бир қыйлы жантасқан: ҳәкимшилик жуўапкершилик – бул ҳәкимшилик ҳуқықый нормалары менен тәртипке салынған, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты ислеген шахсқа қарата ўәкилликли мәмлекет оганлары

ҳәм лаўазымлы шахслар тәрепинен ҳәкимшилик-процессуал тәртипте ҳәкимшилик жазаны қоллаў болып табылады.[1]

Ҳуқықтаныўшы алым Алехин А.П., ҳәкимшилик жуўапкершиликти юридик жуўапкершиликтиң барлық түрлерине ийе екенлиги менен бир қатарда, ҳәкимшилик жуўапкершилик нызамлар менен де, нызам асты ҳүжжетлер менен де орнатылады яғный ол өзиниң нормалық-ҳуқықый тийкарына ийе есапланады. Ҳәмде төмендегише түрлеринде көрсетип өтеди:

- жынайый жуўапкершилик – тек нызамлар менен;

- интизамый жуўапкершилик – нызам ҳәм нызам асты ҳүжжетлери менен;

- материаллық жуўапкершилик – мийнет ҳәм пуқаралық нызамшылығы менен белгиленеди.

## 1.3. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың объекти, субъекти, объектив ҳәм субъектив тәреплери

Ҳуқыққа қайшы, айыплы ҳәм жазаға ылайық қылмыстың қәсийетин өзинде сәўлелендирген барлық ҳуқықбузарлық да, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық есапланбайды. Гәп сонда, анық бир қылмыста ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық қурамы бар болмаўы мүмкин ҳәм бул жағдай қылмысты ислеген шахстың жуўапкершиликке тартылыўына алып келмейди.

Юридикалық әдебиятларда, «ҳуқықбузарлықтың юридикалық өзгешеликлери» ҳәм «ҳуқықбузарлық қурамын сәўлелендириўши өзгешеликлер» түсиниклери көрсетип өтилген. Ҳуқықбузарлықтың юридикалық өзгешеликлери – бул қылмыстың ҳуқыққа қарсылығы, айыптың бар болыўы ҳәм жаза алыўы болып есапланады.

Ҳуқықбузарлық қурамын сәўлелендириўши өзгешеликлерге болса, бул – нызам ҳүжжетлеринде беккемленген ҳәм исленген қылмыстың

---

[1] Бахрах Д.Н., Россинский Б.В., Старилов Ю.Н. Административное право: Учебник для вузов. – М.: Норма, 2004. 484-485-б.лар; Габричидзе Б.Н., Чернявский А.Г., Ким-Кимэн А.Н. Административное право: Учебник. – М.: ТК Велби, Изд-во Проспект, 2004. 225-228-б.лар

ҳуқықбузарлық сыпатында сәўлелендириў мүмкин болған өзгешеликлер болып табылады.

Юридикалық жуўапкершиликтиң тийкары сыпатында ҳуқықбузарлықтың пайда болыўы, оның субъектив ҳәм объектив өзгешеликлерине ийе болыўына байланыслы болып табылады.

Бул еки түсиникти парықлаў тек ғана теориялық емес, бәлки әмелий әҳмийетке де ийе есапланады. Мәселен, транспортта 16 жасқа толмаған баланың билетсиз жүриўи – ҳуқықбузарлықтың юридикалық қәсийетлерин келтирип шығарыўы мүмкин. Бирақ ҳуқықбузарлық қурамының тийкарғы қәсийетлеринен бириниң (мәселен, ҳуқықбузарлық субъекти) болмағанлығы жуўапкершиликти жүзеге келтирмейди.

Ҳуқықбузарлық қурамын сәўлелендириўши өз-ара жақын қәсийетлер бирлесип, ҳуқықбузарлық қурамлы элементлерин қурайды.

Ҳуқықтаныўшы алымлардың бири Ю.М.Козлов[1] ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты тәриплеўде оның юридикалық қурамы үлкен әҳмийетке ийе есапланады. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың юридикалық қурамы – бул оның ишки дүзилисин аңлатыўшы юридикалық қәсийеттеги элементлер жыйындысы болып есапланады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық қурамы түсинигин аңлаў ҳәм оны анықлаў - ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартыўдың нызамлылығын тәмийинлейди, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың басқа ҳуқықбузарлықлардан парқын белгилеп береди.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық қурамы – бул ҳәкимшилик ҳуқық нормалары менен орнатылған қәсийетлердиң жыйындысы болып, олардың бар болыўы менен анық бир қылмыслар – ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық сыпатында тән алынады.

Ҳәр қандай ҳуқықбузарлықтың қурамы сыяқлы, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық да: ҳуқықбузарлықтың объекти ҳәм объектив тәрепи,

---

[1] Козлов Ю.М. Административное право. – М.: Юристъ, 2003. 170 б.

субъекти ҳәм субъектив тәрепи сыяқлы қәсийетлер жыйындысынан ибарат болады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың объекти – бул ҳәкимшилик ҳуқық нормалары менен орнатылған ҳәм қорғалатуғын жәмийетлик қатнасықлар есапланады. Бул, биринши нәўбетте мәмлекет басқарыўы тараўында жүзеге келетуғын жәмийетлик қатнасықлар есапланады. Мәмлекет басқарыўын дүзиў ҳәм әмелге асырыў процессинде тек ғана ҳәкимшилик ҳуқық нормалары менен емес, бәлки ҳәкимшилик-ҳуқықый қураллар менен қорғалатуғын басқа ҳуқық тармақлары (конституциялық, финанс, жер, мийнет ҳәм т.б.) нормалары менен тәртипке салынатуғын жәмийетлик қатнасықлар да жүзеге келеди. Сол себепли, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық объектине - ҳәкимшилик жуўапкершилик нормалары менен қорғалатуғын ҳәр қандай қатнасықларды киритиў мүмкин.

Ҳәкимшилик ҳуқық теориясында ҳуқықбузарлық объекти, әдетте, үш топарға бөлинеди:

бириншиден, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың улыўма объекти – мәмлекетлик басқарыўы процесинде жүзеге келетуғын жәмийетлик қатнасықлар. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң 10-статьясы 1-бөлиминде ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық объекти улыўма жағдайда - «шахс, пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлери, мүлкке, мәмлекет ҳәм жәмәәт тәртиби, тәбийий орталық қастыянлық етиўши ҳуқыққа қайшы» көрсетип өтилген;

екиншиден, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың түрлес объекти – мазмуны ҳәм өз-ара жақын қәсийетлерине қарап бир системаға келтирилген объектлер болып табылады. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик Жуўапкершилик ҳаққындағы Кодексиниң арнаўлы бөлиминде ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар төмендеги топарларға бирлестирилген:

- пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерине қастыянлық қылатуғын ҳуқықбузарлықлар;
- халық денсаўлығын сақлаў тараўындағы ҳуқықбузарлықлар;
- мүликке қастыянлық қылыўшы ҳуқықбузарлықлар;
- тәбийий орталықты қорғаў ҳәм тәбияттан пайдаланыў тараўындағы ҳуқықбузарлықлар;
- санаатдағы, қурылыстағы ҳәм ыссылық ҳәм де электр энергиясынан пайдаланыў тараўындағы ҳуқықбузарлықлар;
- аўыл хожалығындағы ҳуқықбузарлық, ветеринария-санитария қағыйдаларын бузыў;
- транспорттағы, жол хожалығы ҳәм байланыс тараўларындағы ҳуқықбузарлықлар;
- пуқаралардың турақ-жай ҳуқықларына тийисли, коммунал хызмет ҳәм абаданластырыў тараўындағы ҳуқықбузарлықлар;
- саўда исбилерменлик ҳәм финанс тараўларындағы ҳуқықбузарлықлар;
- әдил судлаўға қастыянлық қылыўшы ҳуқықбузарлықлар;
- жәмәәт тәртибине қастыянлық қылыўшы ҳуқықбузарлықлар;
- басқарыўдың белгиленген тәртибине қастыянлық қылыўшы ҳуқықбузарлықлар.

үшиншиден, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың туўрыдан-туўры объекти – ҳуқықбузарлық ақыбетинде туўрыдан-туўры зыян жеткерилген, анық объект есапланады. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы Кодексиниң 40-статьясында беккемленген жала ҳуқықбузарлығының туўрыдан-туўры объекти – пуқараның абыройы ҳәм қәдир-қымбаты есапланады; ямаса 237-статьясына муўапық[1] әскерий хызметке ямаса альтернатив хызметке шақырылыўдан бас тартыўда сәўлеленген ҳуқықбузарлықтың туўрыдан-туўры объекти болып –

[1] Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Т.: 2010. 20, 137-бетлар.

басқарыў процесинде орнатылған тәртип, яғный пуқаралардың әскерий ямаса альтернатив хызметти өтеў миннетлемеси есапланады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың объектив тәрепи – бул ҳуқыққа қайшы қылмыс есапланады, яғный ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық объектине қаратылған ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлик, оның қәсийетлери, сондай-ақ, оны ислеў (ямаса ислемегенлик) шараятлары есапланады. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың субъектив тәрепи – бул ҳуқықбузарлық субъекти (физикалық шахс)ниң ҳуқыққа қайшы ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлик ҳәм де оның ақыбетлерине қарай руўхый мүнәсебети есапланады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық объектив тәрептен еки кӧриниске ийе: биринщиден, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты ҳәрекет нәтийжесинде ислеў. Ҳәрекет – инсанның актив минез-қулқы есапланады. Кӧпшилик ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар, объектив тәрептен шахслардың ҳәрекети арқалы исленеди. Мәселен, жала, ақыретлеў, жеңил денеге жарақат жеткериў, орнатылған ҳәр қыйлы улыўма мәжбүрий қағыйдаларды бузыўда сәўлеленген ҳуқықбузарлықлар - ҳәрекетлер нәтийжесинде исленеди;

екиншиден, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың ҳәрекетсизлик нәтийжесинде келип шығыўы. Ҳәрекетсизлик – инсанның пассив минез-қулқы болып, әдетте белгиленген ўазыйпаны, миннетлемени орынламаўы ямаса лазым дәрежеде орынламаўында кӧринеди. Мәселен, лаўазымлы шахслар тәрепинен пуқаралардың мүрәжатларын өз ўақтында кӧрип шықпағанлығы, ата-аналардың балаларды тәрбиялаўы ҳәм оларға тәлим бериў бойынша миннетлемелерди орынламаўы, ҳәкимият ўәкилиниң нызамлы талапларын орынламаўында кӧринген ҳуқықбузарлықлар – ҳәрекетсизлик нәтийжесинде келип шығады.

Ҳуқықбузарлықты садыр етиў шараятлары, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың объектив тәрепиниң элементи сыпатында, оны ислеў ўақты ҳәм усылын нәзерде тутады. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик Жуўапкершилик ҳаққындағы Кодексиниң 90-статьясы 2-

бөлиминде аў қылыў қағыйдаларын бузыўдың шәртлери, яғный тийисли рухсаты болмай турып ямаса қадаған етилген жайларда ямаса қадаған етилген мүддетлерде, қадаған етилген қураллар ямаса усыллар менен аў қылыў ямаса балық тутыў көрсетип өтилген.

Юрист алым Д.Н.Бахрах[1], ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың объектив тәрепи – ҳуқық нормалары менен нәзерде тутылған, усы ҳуқықбузарлықтың сыртқы көринисин сәўлелендиретуғын қәсийетлер жыйындысы есапланады. Объектив тәреп – қылмыстың ҳуқықбузар сыртқы минез-қулқының көриниси сыпатында сәўлелендиреди. Объектив тәреп қәсийетлерине: ҳуқыққа қайшы ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлик ҳәм олардың исленеиўи менен жүзеге келген зыянлы ақыбет киреди. Мәселен, транспорт қуралларын айдаўшылары тәрепинен жол ҳәрекети қағыйдаларын бузыў - ҳәрекет тезлигин асырыў (ҳәрекет), жол белгилерине әмел қылмаў (ҳәрекетсизлик)да көриниўши ҳәр қыйлы қатты-ҳәрекетлерде пайда болады. Бундай қылмыслар нәтийжесинде: жол ҳәрекети қәўипсизлигине қәўип салыныўы, басқа жол ҳәрекети қатнасыўшыларының ҳәрекетлениўине кесент бериў, авария жағдайын жүзеге келтириў ямаса жол-транспорт ҳәдийселериниң исленеиўине алып келиўи мүмкин.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың объектив тәрепиниң қурамлы бөлимлерине, ҳуқыққа қарсы қылмыс (ҳәрекет ҳәм ҳәрекетсизлик) ҳәм жүзеге келген зыянлы ақыбеттен тысқары, исленген қылмыс ҳәм одан келип шығатуғын зыянлы ақыбет ортасындағы себепли байланыс да киреди. Бундай байланысты анықлаў – зыянлы ақыбетлердиң келип шығыўы шараятларын, зыянлы ақыбетлердиң мине усы ямаса басқа қылмыс ақыбетинде жүзеге келгенлигин, қылмыстың жүзеге келген ақыбетлерге қай дәрежеде тәсир еткенлигин ҳәм басқаларды анықлаўға хызмет қылады. Лекин ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықта себепли байланысты

---

[1] Бахрах Д.Н., Россинский Б.В., Старилов Ю.Н. Административное право: Учебник для вузов. – М.: Норма, 2004. 498

анықлаўға қәжет жоқ, себеби қағыйда бойынша жүзеге келген зыянлы ақыбетлер материаллық емес ҳәм әдетте жәмийетлик зыян ямаса жәмийетлик қәўипли көринисинде болады. Сол себепли, ҳуқыққа қарсы қылмыс пенен оның ақыбети ортасында себепли байланыстың бар екенине гүман туўылмайды.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар еки көриниске: формал ямаса материаллық қурамлы ҳуқықбузарлықларға бөлинеди.

Материаллық зыян келип шығыўын нәзерде тутпайтуғын ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық қурамы – формал қурамлы ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық деп аталады. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар, жынаятлардан парықлы рәўиште, көпшилик жағдайларда формал қурамда болып, оны ислеў нәтийжесинде материаллық зыян келип шығыўы ямаса келип шықпаўынан қәти нәзер, жууапкершилик нәзерде тутылады. Мәселен, транспорт қуралын айдаўшысы тәрепинен ҳәрекет тезлигин асырыў нәтийжесинде ҳеш қандай материаллық зыян келип шықпаған болыўы мүмкин, бирақ бул ҳәрекетти ислеў ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық есапланып, оған қарата ҳәкимшилик жууапкершилик қолланылады.

Формал қурамлы ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлардан тысқары, Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жууапкершилик ҳаққындағы кодексинде бир неше материаллық қурамлы ҳуқықбузарлықлар да нәзерде тутылған. Бундай ҳуқықбузарлықларды ислеў нәтийжесинде материаллық зыян келип шыққан болыўы керек. Мәселен, мүликшилик формасынан қәти нәзер кәрхана, мәкеме, шөлкемлердиң мүлкин урлаў, өзлестириў, растрата қылыў, лаўазымына қастыянлық қылыў ямаса алдаўшылық жолы менен аз муғдарда талан-тараж қылыў – материаллық қурамлы ҳуқықбузарлық есапланады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың исленгенлигин анықлаўда, нызам шығарыўшы, ҳуқықбузарлық объектив тәрепиниң басқа қәсийетлерин де нәзерде тутыўы мүмкин. Солардан, исленген қылмысты ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық сыпатында классификациялаўда, усы қылмыстың қайсы

ўақытта исленгенлиги зәрүр әҳмийетке ийе болыўы мүмкин. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик Жуўапкершилик ҳаққындағы Кодексиниң 192-статьясына муўапық[1] түнги ўақытта – саат 23.00 ден 06.00 ге шекем – пуқаралардың тынышлығын ҳәм нормал дем алыўын бузыў, яғный жоқары даўыс пенен қосық айтыў, музыка шертиў, даўыс сигналларын бериў, үйлерде, турақ-жайлардың соқпақлары ҳәм есиклеринде, көшелерде даўысын бәлент қылып қойылған телевизорлар, радиоприёмниклер, магнитофонлар ҳәм даўыс шығарыўшы басқа аппаратуралардан пайдаланыў, турақ-жай имаратларында ҳәм олардан сыртта жүдә зәрүр болмаған жағдайда шаўқым шығарыўшы ислерди қылыў, сондай-ақ, турмыслық шаўқымға қарсы гүрес талапларын бузыўы басқа ҳәрекетлерди ислеў ушын ҳәкимшилик жуўапкершилик нәзерде тутылған. Егер, усы қатты-ҳәрекетлер басқа ўақытта (саат 06.00 ден 23.00 ге шекем) исленген болса, усы ҳуқықбузарлықтың қурамын жүзеге келтирмейди.

Айрым жағдайларда, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ушын жуўапкершилик белгилеўде, ҳуқықбузарлықты ислеў орнын анықлаў зәрүр болады. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик Жуўапкершилик ҳаққындағы Кодексиниң 187-статьясына муўапық[2] көшелерде, стадионларда, дем алыў орынларда, бағларда, барлық түрдеги жәмәәт транспортында ҳәм де спиртли ишимликлерди қойып сатыўға рухсат етилген саўда ҳәм улыўма аўқатланыў кәрханаларынан басқа жәмәәт орынларында спиртли ишимликлер ишкени ушын ҳәкимшилик жуўапкершилик нәзерде тутылған. Усы статьяда көрсетип өтилген орынлардан тысқары, үйде ямаса мийманда спиртли ишимликлерди ишиў усы статья бойынша жуўапкершиликти жүзеге келтирмейди.

Ҳуқықбузарлықтың қандай усылда исленгенлиги де, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың қурамын жүзеге келтириўши қәсийетлеринен бир

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Т.: 2010. 100 б.
[2] Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Т.: 2010. 98 б.

есапланады. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик Жуўапкершилик ҳаққындағы Кодексиниң 183-статьясында киши бийзарылық, яғный жәмәәт орынларында уятлы сөзлер менен сөгиниў, пуқараларды ақыретлеў, шылқымлық қылыў ҳәмде жәмәәт тәртибин ҳәм пуқаралардың тынышлығын бузыўшы сол сыяқлы басқа қатты-ҳәрекетлерде сәўлеленген жәмийетте жүрис-турыс қағыйдаларын қастан менсинбегенлик ушын ҳәкимшилик жуўапкершилик нәзерде тутылған болып, нызам шығарыўшы, қылмыстың - жәмийетке қарата анық менсинбеўлик усылында ислениўин көрсетип өтеди.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты тәкирар ислеў – ҳуқықбузарлық объектив тәрепиниң қәсийетлеринен бири болып, ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы нызамшылықтың көп ғана статьяларында нәзерде тутылған. Лекин әмелдеги Өзбекстан Республикасының Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексинде тәкирар ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты ислеў түсиниги берилмеген. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты тәкирар ислеў дегенде, ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылған шахс тәрепинен бир жыл даўамында түрлес (бирдей ямаса уқсас) ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты ислеўди түсиниў лазым. Ҳуқықбузарлықты тәкирар ислеў айыпкер шахсқа қарата жуўапкершилик санкцияларында нәзерде тутылған аўыррақ жаза шарасын қоллаўға себеп болады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың объектив тәрепиниң жоқарыда көрсетип өтилген қәсийетлери (қылмысты ислеў ўақты, орны, усылы, тәкирар ислеў ҳ.т.б.) барлық ҳуқықбузарлықларға да тән емес, бәлким олар ҳакимшилик ҳуқықбузарлық қурамының факультатив белгилери есапланады.

Ҳуқықбузарлық қурамының факультатив белгилеринен парықлы рәўиште, ҳуқыққа қайшы ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлик, оларды ислеўден келип шығатуғын зыянлы ақыбет ҳәм де зыянлы ақыбет пенен қылмыс

ортасындағы себепли байланыс - ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық қурамының мәжбүрий қәсийетлери есапланады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың субъекти. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳәрекети ямаса ҳәрекетсизлигин ислеген шахс субъекти болып есапланады. Өзбекстан Республикасының Ҳәкимшилик жууапкершилик ҳаққындағы кодексиниң 13-статьясына тийкарланып ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислеген ўақытта он алты жасқа толған шахслар ҳәкимшилик жууапкершиликке тартылады.

Өзбекстан Республикасының Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик Жууапкершилик ҳаққындағы Кодексиниң 20-статьясына муўапық[1], ҳуқыққа қайшы ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлик ислеген ўақытта ақылы кемис жағдайында болған шахс, яғный ўақты-ўақты менен шығатуғын руўхый кеселлик, руўхый искерлиги ўақтынша бузылғанлығы, ақылы пәслиги ямаса басқа кеселлик ақыбетинде өз ҳәрекетиниң (ҳәрекетсизлигиниң) әҳмийетин билмеген ямаса басқара алмаған шахс ҳәкимшилик жууапкершиликке тартылыўы мүмкин емес.

Демек, улыўма қағыйдаға муўапық, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың субъекти - бул 16 жасқа толған ақылы пүтин физикалық шахс есапланады.

Ҳәкимшилик жууапкершилик ҳаққындағы нызам ҳүжжетлеринде ҳәкимшилик жууапкершиликтиң субъектлери үш топарға бөлиниеди:

1) улыўма субъект – ҳәр қандай 16 жасқа толған физикалық шахс болып табылады. Соннан, Өзбекстан Республикалық Ҳәкимшилик жууапкершилик ҳаққындағы кодекстиң 13 статьясында ҳәкимшилик жууапкершилик субъекти улыўма ҳалда көрсетип өтилген;

2) арнаўлы субъект – улыўма субъектлерге қарағанда өзине тән өзгешеликлери (қосымша белгилерге) ийе болған субъектлер болып табылады. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың арнаўлы субъектине – лаўазымлы шахсларды, айдаўшыларды, ержетпегенлерди ҳәм басқаларды киритиў мүмкин. Усы шахслар тәрепинен исленетуғын ҳуқықбузарлықлар

[1] Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Т.: 2010, 11 б.

ҳәм оларға қарата қолланылатуғын жуўапкершилик өзине тән өзгешеликлерге ийе. Мәселен, лаўазымлы шахслар тәрепинен садыр етилетуғын ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар олардың ийелеп турған лаўазымы ямаса әмели менен ямаса олар мойнына жүкленген ўазыйпалардың орынланбағанлығы ямаса лазым дәрежеде орынланбағанлығы менен байланыслы ҳаолда садыр етиледи. Лаўазымлы шахслардың ҳәкимшилик жуўапкершилиги пуқараларға (улыўма субъект) қарағанда жоқары болады. Биринши мысал. Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң $175^4$-статьясына муўапық ис ҳақын қадағаланған формаларда төлеў ушын тек лаўазымлы шахслар ғана жуўапкершиликке тартылыў мүмкин. Себеби хызметкерлерге ис ҳақын бериў миннетлемеси кәрхана, мәкеме ҳәм шөлкемниң лаўазымлы шахсының мойнына жүкленген. Екинши мысал, Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң 125-статьясына муўапық пайдаланыў қадаған етилетуғын дәрежеде насазлығы болған транспорт қуралларын басқарыў ушын тек ғана айдаўшылар жуўапкершиликке тартылыў мүмкин. Себеби, айдаўшы ғана - транспорт қуралын басқарыў ҳуқықына ийе болады.

Ҳәкимшилик жуўапкершилик 16 жасқа толған пуқараларға қарата қолланылыўы белгиленген. Лекин 16 жастан 18 жасқа шекем болған пуқаралар – жас өспиримлер топарына киретуғынлығын да умытпаў керек. Олардың ҳәкимшилик жуўапкершилиги, әдетте арнаўлы қағыйдалар менен тәртипке салынады;

3) айрықша субъект – интизам уставлары ямаса хызмет ҳаққындағы қағыйдалар енгизилетуғын шахслар, мәселен, әскерий хызметкерлер ҳәм жыйынға шақырылған әскерий хызметке миннетлилер, ишки ислер уйымларының әпиўайы әскерлер ҳәм баслықлар қурамына кириўши шахслар. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың айрықша субъектлери – арнаўлы субъектлердиң айрықша топарын қурайды. Айрықша субъектлер де, арнаўлы субъектлер сыяқлы өзине тән өзгешеликлерине ийе болып табылады.

Нызам ҳүжжетлеринде ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың ол ямаса бул субъектлери шеңберине қаратылған жуўапкершиликтиң қосымша тийкарлары ямаса оның жоқары көлеми, басқаларына қарағанда болса ҳәкимшилик жуўапкершиликти қоллаўда шеклениўлер көрсетип өтиледи. Мысалы, Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң 53-статьясына муўапық санитария нызам ҳүжжетлерин, санитария нормаларын, қағыйдаларын ҳәм гигиена нормативлерин бузыў.

Өзбекстан Республикасы ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы нызам ҳүжжетлеринде сырт ел пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахслардың ҳәкимшилик жуўапкершилиги де нәзерде тутылған. Бул топардағы шахслар ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық субъектлериниң қайсы топарына киреди, деген сораў жүзеге келиўи мүмкин. Егер, сырт ел пуқаралары дипломатик иммунитет ҳуқықынан пайдаланбаса, Өзбекстан Республикасы пуқаралары сыяқлы улыўма тийкарларда жуўапкершиликке тартылады. Егер, бундай ҳуқыққа ийе болса, олардың жуўапкершилик мәселеси халықара шәртнамаларда (ямаса мәмлекет ортасында дүзилген халықара питимлерде) нәзерде тутылған тәртипте шешиледи. Демек, олар ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың ҳәм улыўма субъекти, ҳәм арнаўлы субъекти сыпатында пайда болыўы мүмкин[1].

Өзбекстан Республикасы ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери сырт ел пуқаралар ҳәм пуқаралығы болмаған шахсларға қаратылған жуўапкершиликти нәзерде тутқан болыўы мүмкин. Мәселен, Өзбекстан Республикасының Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик Жуўапкершилик ҳаққындағы Кодексиниң 225-статьясында Өзбекстан Республикасында болыў қағыйдаларын бузыў, яғный Өзбекстанда жасаў ҳуқықын беретуғын ҳүжжетлерсиз ямаса ҳақыйқый болмаған ҳүжжетлер менен жасаўы, ўақтынша ямаса турақлы дизимге турыў, көшиў ямаса турақ жай таңлаў бойынша белгиленген тәртипке әмел қылмаўы, болыў мүддети тамам болғаннан кейин шығып кетиўден бас

[1] E Xojiev. Advokat va mamuriy huquqbuzarlik togrisidagi ishlarni yuritish. T.: 2010, 31 б.

тартыўы, сондай-ақ, Өзбекстан Республикасының аймағы арқалы транзит тәризде өтиў тәртибине әмел қылмағаны ушын сырт ел пуқаралар ҳәм пуқаралығы болмаған шахслардың ҳәкимшилик жуўапкершилиги нәзерде тутылған.

Жоқарыда көрсетип өткенимиздей, Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексине муўапық, тек ғана физикалық шахслар ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылыўы мүмкин. Айрым мәмлекетлерде болса, мәселен Россия Федерациясында, ҳәкимшилик жуўапкершиликке юридикалық шахслар да тартылады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың субъектив тәрепи. Ҳәр қандай ҳуқықбузарлық сыяқлы, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық да – ҳуқыққа қылап айыплы садыр етилген қылмыс есапланады. Ҳуқықбузардың ҳуқыққа қылап қылмысты садыр етиўде айыбы бар болғанында, оны жуўапкершиликке тартыў мүмкин болады. Айып – бул садыр етилген қылмысқа қарата шахстың руўхый мүнәсебети болып табылады. Айып еки формада: қастан ҳәм абайсызлықта сәўлеленген болыўы мүмкин. Айып - ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық субъектив тәрепиниң мәжбүрий қәсийети болып табылады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың субъектив тәрепи – бул ҳуқықбузарлық субъекти физикалық шахс болып, оның ҳуқыққа қайшы ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлик ҳәмде оның ақыбетлерине қарай руўхый мүнәсебети есапланады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық айыптың еки формасында да, яғный қастан ҳәм абайсызлықтан садыр етилиўи мүмкин. Соннан, Өзбекстан Республикасы ҲЖхКниң 11-статьясына муўапық ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық садыр еткен шахс өз ҳәрекети ямаса ҳәрекетсизлиги ҳуқыққа қайшы екенин билген болса, оның зыянлы ақыбетлерине көзи жеткен, жүз бериўин қәлеген болса ямаса бул ақыбетлердиң келип шығыўына аңлы рәўиште жол қойған болса, бундай ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық қастан садыр етилген деп есапланады.

Мәселен, Өзбекстан Республикасы Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик Жуўапкершилик ҳаққындағы Кодексиниң 61-статьясында мүлкшилик формасына қарамастан кәрхана, мәкеме, шөлкемлердиң мал-мүлкин урлаў, өзлестириў, растрата қылыў, лаўазымынан пайдаланып қастыянлық етиў ямаса алдаўшылық жолы менен аз муғдарда талан-тараж қылыў ушын ҳәкимшилик жуўапкершилик белгиленген. Усы қылмыс қастан садыр етиледи. Ҳуқықбузар мүлкти урлаў, өзлестириў, растрата қылыў лаўазымынан пайдаланып қастыянлық етиў ямаса алдаўшылық жолы менен аз муғдарда талан-тараж қылыў сыяқлы ҳәрекетлердиң ҳуқыққа қылап екенлигин биледи, оны садыр қылыў арқалы кәрханаға зыян жеткерилиўине көзи жетеди ҳәм оның жүз бериўин қәлейди.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты қастан садыр етиў еки көринисте болыўы мүмкин:

1) туўры қас, яғный ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық садыр еткен шахс өз ҳәрекети ямаса ҳәрекетсизлиги ҳуқыққа қайшы екенлигин биледи, оның зыянлы ақыбетлерине көзи жетеди ҳәм оның жүз бериўин қәлейди;

2) қыя қас, яғный ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық садыр еткен шахс өз ҳәрекети ямаса ҳәрекетсизлиги ҳуқыққа қайшы екенлигин биледи, оның зыянлы ақыбетлерине көзи жетеди ҳәм бул ақыбетлердиң келип шығыўына аңлы рәўиште жол қойады.

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң 12-статьясына муўапық ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық садыр еткен шахс өз ҳәрекети ямаса ҳәрекетсизлиги зыянлы ақыбетлерге алып келиўи мүмкинлигин алдыннан көре билген болса да, лекин келте пақымлық пенен олардың алдын алыў мүмкин деп ойлаған болса, ямаса бундай ақыбетлердиң келип шығыўы мүмкинлигин алдыннан көриўи лазым ҳәм мүмкин болған жағдайда алдыннан көре билмеген болса, бундай ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық абайсызлық арқасында садыр етилген деп есапланады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты абайсызлық арқасында садыр етиў төмендеги формаларда пайда болады:

1) өзине исеним – шахстың өз ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлиги зыянлы ақыбетлерге алып келиўи мүмкинлигин алдыннан көре билген болса да, лекин келте пақымлық пенен олардың алдын алыў мүмкин деп ойлайды;

2) бийпәрўалық – шахстың нызамда көрсетилген ақыбетлердиң келип шығыўы мүмкинлигин алдыннан көре билиўи лазым ҳәм мүмкин болған жағдайда оларды алдыннан көре билмегени.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты абайсызлық нәтийжесинде садыр етиўден айыпсыз зыян келтириўди парықлаў лазым. Айыпсыз зыян келтириў жуўапкершиликти келтирип шығармайды.

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң айрым статьяларында айып формалары туўрыдан-туўры көрсетип өтилмеген ҳәмде ҳәкимшилик жуўапкершилик айып формасынан қәти нәзер жүзеге келеди. Мәселен, 88-статьяға муўапық[1] қурылыс ислерин ҳәм басқа ислерди орынлаў ўақтында жанылғы затлар ҳәм имарат материалларын топлаў, арнаўлы техник қурылмаларсыз ашық өрт алыстырып оларды жағыў, битум еритиўде атмосфера ҳаўасын қорғаў талапларына әмел қылмаслық – қастан садыр етилгенбе ямаса абайсызлық арқасында садыр етилгенбе, ҳәкимшилик жуўапкершиликке тийкар болады.

«Өзбекстан Республикасының айрым нызам ҳүжжетлерине өзгерис ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында»ғы Нызамы Нызамшылық палатасы тәрепинен 20 март 2013 жылы қабыл етилди. Сенат тәрепинен 28 март 2013 жылы мақулланған. Усы нызамға тийкарланып Жынаят кодесиниң $125^1$-статьясына муўапық[2] неке жасы ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузыў, деп аталған жаңадан мазмундағы статья киритилди. Неке жасына жетпеген шахс пенен неке қатнасықларына кирисиў, сондай қылмыс ушын

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Т.: 2010. 39 б.
[2] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят кодекси. Т. «Адолат» 2010, 72 б.

ҳәкимшилик жаза қолланылғанынан кейин садыр етилген болса, - ең кем айлық ис ҳақының 20 есесинен 30 есесине шекем муғдарында жәриййма ямаса 1 жылға шекем мийнет пенен дүзетиў иси ямаса 3 айға шекем қамақ жазасы менен жазаланады.

Ата-ана ямаса олардың орнын басыўшы шахслар тәрепинен неке жасына жетпеген шахсты (турмысқа бериў) күйеўге бериў ямаса үйлендириў, сондай қылмыс ушын ҳәкимшилик жаза қолланылғаннан кейин садыр етилген болса, - ең кем айлық ис ҳақының 30 есесинен 50 есесине шекем муғдарында жәриййма ямаса 2 жылға шекем мийнет пенен дүзетиў иси ямаса 4 айға шекем қамақ жазасы менен жазаланады.

Неке жасына жетпеген шахс пенен неке дүзиўге тийисли диний мәресимлерди әмелге асырыў, сондай қылмыс ушын ҳәкимшилик жаза қолланылғаннан кейин садыр етилген болса, - ең кем айлық ис ҳақының 50 есесинен 100 есесине шекем муғдарында жәриййма ямаса 3 жылға шекем мийнет пенен дүзетиў иси ямаса 6 айға шекем қамақ жазасы менен жазаланады.

Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодеске жаңа $47^3$-статьясы[1] киритилген. Неке жасы ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузыў. Неке жасына жетпеген шахс пенен ҳақыйқаттан неке қатнасықларына кирисиў, - ең кем айлық ис ҳақының 5 есесинен 10 есесине шекем муғдарында жәриййма салыўға себеп болады.

Ата-ана ямаса олардың орнын басыўшы шахслар тәрепинен неке жасына жетпеген шахсты (турмысқа бериў) күйеўге бериў ямаса үйлендириў, - ең кем айлық ис ҳақының 7 есесинен 15 есесине шекем муғдарында жәриййма салыўға себеп болады.

Неке жасына жетпеген шахс пенен неке дүзиўге тийисли диний мәресимлерди әмелге асырыў, - ең кем айлық ис ҳақының 10 есесинен 20 есесине шекем муғдарында жәриййма салыўға себеп болады.

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Т.: 2010. 22 б.

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң айрым статьяларында қас туўрыдан-туўры көрсетип өтилмеген болса да, оның қастан садыр етилгени қылмыстың қәсийетинен келип шығады. Мәселен, 188-статьяға муўапық[1] жас өспирим тилемшиликке, спиртли ишимликлер қабыл етиўге, гиябентлик ямаса психотроп есапланбаған, лекин адамның ес-ақылына, еркине тәсир қылатуғын затлар ямаса қуралларды қабыл етиўге тартыў – тек қастан садыр етилиўи мүмкин.

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң айрым статьяларында болса айып формалары анық көрсетип өтиледи. Мәселен, 52-статьяның биринши бөлиминде абайсызлық арқасында жеңил дене жарақатын жеткериў, екинши бөлиминде болса, қастан жеңил дене жарақатын жеткизгени ушын ҳәкимшилик жуўапкершилик нәзерде тутылған.

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексинде ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың мақсет ҳәм мотив сыяқлы факультатив белгилери де нәзерде тутылған болыўы мүмкин. Мәселен, 141-статьяға муўапық айдаўшылардың кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлерге қараслы транспорт қуралларынан жеке байлық арттырыў мақсетинде пайдаланыўы, ҳәкимшилик жуўапкершиликти жүзеге келтиреди. Бундай мақсеттиң болмағанлығы болса, жуўапкершиликке алып келмейди.

Демек, шахстың садыр еткен қылмысын ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық сыпатында классификациялаў ушын бириншиден, ҳәкимшилик хуқықбузарлықтың юридикалық өзгешеликлери - хуқыққа қайшы келиўи, айыптың бар болыўы, жазаға тартылыўы ҳәм екиншиден, юридикалық қурамы - ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың объекти ҳәм объектив тәрепи, субъекти ҳәм субъектив тәрепи бар болыўы керек.

[1] Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Т.: 2010. 98 б.

## I бап бойынша жуўмақ

Жуўапкершиликке тартылыўда жынаятта судланғанлық, ҳәкимшилик ҳәм интизамийде бир жыллық мүддет деп есапланады.

Демек, жынайый, ҳәкимшилик ҳәм интизамий жуўапкершилик көп ғана уқсас тәреплерге ийе болып табылады. Бирақ нызамшылық тәртибин тәмийинлеўде ҳуқықбузарлықты дурыс классификациялаў, айыпкер шахсты нызамлы ҳәм тийкарланған жазаға тартыў мақсетинде, ҳуқықбузарлық көринислерин парықлаў лазым болады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың объектив тәрепи – бул ҳуқыққа қайшы қылмыс есапланады, яғный ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық объектине қаратылған ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлик, оның қәсийетлери, сондай-ақ, оны ислеў яки ислемегенлик шараятлары есапланады. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың субъектив тәрепи – бул ҳуқықбузарлық субъекти физикалық шахстың ҳуқыққа қайшы ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизлик ҳәм де оның ақыбетлерине қарай руўхый мүнәсебети есапланады. Жынаят тараўында жынаят қурамының ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтағы қурамынан бир қашна парыққа ийе.

Ҳәкимшилик жуўапкершилик 16 жасқа толған пуқараларға қарата қолланылыўы белгиленген. Лекин 16 жастан 18 жасқа шекем болған пуқаралар – жас өспиримлер топарына киретуғынлығын да умытпаў керек. Олардың ҳәкимшилик жуўапкершилиги, әдетте арнаўлы қағыйдалар менен тәртипке салынады. Жынаятшылықта субъектлердиң жасы ҳәр қыйлы 13, 14 жастағы ҳәм басқ жастағы шахсларға белгиленген статьялар бар болып ҳәкимшилик жуўапкершиликтеги субъектлер жасына салыстырғанда өзгешеликлерге ийе. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық пенен жынаятта қурамының объекти ҳәкимшилик ҳуқық нормалары менен орнатылған ҳәм қорғалатуғын жәмийетлик қатнасықлар есапланады. Усындай тәреплерин есапқа алып ҳәкимшиликлик ҳуқықбузарлық пенен жынаят белгилерин парықлап алыў жүдә әҳмийетке ийе ҳәм шәрт.

## II бап. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокат қатнасының ҳуқықый тийкарлары.

### 2.1. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар бойынша ис жүргизиўдиң ўазыйпалары ҳәм принциплери

Өзбекстан Республикасында демократиялық ҳәм ҳуқықый мәмлекет қурыўдағы мақсет - бул мәмлекетте жасаўшы ҳәр бир адамның ҳуқық ҳәм еркинликлерин толық тәмийинлеўден ибарат болады. Ғәрезсизлигимиздиң дәслепки күнлеринен баслап елимизде демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийеттиң ажыралмас бөлеги болған инсанның ҳуқық ҳәм еркинликлерин нәтийжели қорғаў мәмлекетимиз сиясатының баслы бағдарларының бирине айланды.

Ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында ҳәм ғәрезсизликтиң дәслепки күнлеринен баслап-ақ Өзбекстанда мәмлекет ҳәм жәмийет турмысын демократик тәрептен және де жаңалаўға ҳәм суд-ҳуқық, адвокатура системасын реформа қылыўға кирисилди. Бунда сөзсиз Президентимиз Ислам Каримовтың тарийхый хызметлери үлкен болды. «Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында» китабы әне усы реформалардың қандай қыйын бир дәўирде басланғанлығын, олардың қурамалы ҳәм оғада қарсылықлы раўажланыў темплери, дәслепки нәтийжелерди әдалатлы тийкарда көрсетип бериўи менен үлкен илимий-әмелий әҳмийетке ийе[1].

Хәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислерди жүритиўдиң өзине тән ўазыйпалары бар болып, олар басқа ҳуқық тараўларынан өзгешелигине ийе. Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң 269-статьясына муўапық[2], ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислерди жүритиўдиң тийкарғы ўазыйпаларына төмендегилер киреди:

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг «Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида» китобини ўрганиш бўйича ўқув-услубий қўлланма. Тошкент-2012. Б-24.
[2] Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Т.: 2010. 169 б.

1) ҳәр бир истиң жағдайын өз ўақтында, ҳәр тәреплеме, толық ҳәм объектив рәўиште анықлап шығыў;

2) бул исти нызамлы ҳүжжетлерге муўапық ҳалда шешиў;

3) шығарылған қарардың орынланыўын тәмийнлеў;

4) ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты садыр етиў себеплери ҳәм буған алып келген шәрт-шараятларды анықлаў;

5) ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў;

6) пуқараларды Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызамларына әмел қылыў руўхында тәрбиялаў;

7) нызамшылықты беккемлеў.

Ҳәр бир истиң жағдайын өз ўақтында, ҳәр тәреплеме ҳәм толық анықлап шығыў соны аңлатады, ҳуқықбузарлық исин дурыс көрип шығыў ушын, зәрүр болған барлық жағдайларды анықлаў лазым. Бундай жағдайларға төмендегилерди киритиў мүмкин:

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық садыр етилгенлигин анықлаў;

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты садыр етиўде шахстың айыпкерлик дәрежесин анықлаў;

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықтың ҳәкимшилик жуўапкершиликти жүзеге келтириўин анықлаў;

- мүлкий зыян келтирилгенлигин анықлаў;

- ҳәкимшилик жуўапкершиликти жеңиллестириўши ҳәм аўырластырыўшы жағдайларының бар екенин анықлаў;

- ҳуқықбузар ҳаққындағы, сондай-ақ, ис ушын әҳмийетли болған басқа мағлыўматларды анықлаў;

- исти тоқтатыўға алып келетуғын ҳалатлардың бар екенин анықлаў ҳәм басқалар.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислери бойынша ҳәр бир жағдайды өз ўақтында анықлаў – ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы нызам ҳүжжетлеринде белгиленген мүддетлерге әмел қылыўды нәзерде тутады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүритиў мазмуны тек ғана истиң жағдайын өз ўақтында емес, ҳәр тәреплеме ҳәм толық анықлап алыўды, бәлки оның объективлигин де талап қылады. Бул топардағы ислерди көрип шығыўдың тийкарғы принциплеринен бири – бул объективлик болып табылады. Усы принциптен келип шыққан ҳалда, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин көрип шығыў ўәкиллигине ийе болған мәмлекет уйымлары ҳәм лаўазымлы шахслар барлық жағдайларды анықлаўлары шәрт. Объективлик иске қарағанда әдилсизлик, шамалаўларға тийкарланған ҳалда жуўапкершиликке тартылып атырған шахстың мәпин көзлеп гүўалық беретуғын жағдайларды менсинбеўшиликти мақуллайды. Буннан басқа, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүритиўдиң объективлиги – усы процесс қатнасыўшыларына, олардың шағымлары ҳәм басқа мүрәжатларына ҳүрмет пенен қараўды нәзерде тутады.

Әмелиятта усы принципти әмелге асырыў мақсетинде, Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекси менен бир қанша кепилликлер орнатылған (мәселен, ҳуқықбузарлық ислери қайта көрип шығылыўы мүмкин) мәлим бир жағдайларда исти көрип шығыўшы мәмлекет органы (лаўазымлы шахс) – ҳүжжетлерди талап қылып алыў, экспертиза өткериўи, исти объектив шешиў ушын тексериўлер өткериўи ҳәм басқа шараларды көриўи мүмкин.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин нызам ҳүжжетлерине муўапық шешиў - ҳәкимшилик әмелиятта нызамлылықты тәмийинлеўдиң тийкарғы қағыйдаларынан бири есапланады. Усы қағыйданың мәниси - Өзбекстан Республикасы Конституциясының 15-статьясына муўапық, «Өзбекстан Республикасында Өзбекстан Республикасы Конституциясының ҳәм нызамларының сөзсиз үстемлиги мойынланады. Мәмлекет, оның уйымлары, лаўазымлы адамлар, жәмийетлик бирлеспелер, пуқаралар Конституцияға ҳәм нызамларға муўапық ҳәрекет етеди»-делинген. Мине усы статьядан келип шыққан ҳалда, яғный ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты

садыр еткен шахс, тек ғана нызам ҳүжжетлеринде көрсетип өтилген тийкарларда ҳәм тәртипте ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылыўы мүмкин.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислери бойынша шығарылған қараларды орынлаў да – ис жүритиўдиң тийкарғы ўазыйпаларынан бири болып, ҳуқықбузарлықлардың алдын алыўға хызмет қылады. Ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартыў бойынша қарарларды орынламағанлығы ямаса толық орынламағанлығы, ҳуқықбузарлықларға қарсы гүресиўдиң нәтийжесин пәсейттиреди, нызамшылық принципин бузған есапланады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде – ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықларды садыр етиў себеплерин ҳәм шәрт-шараятларын анықлаў, оның ескертиў ҳәм сапластырыў функциясы есапланады. Ҳәкимшилик-юрисдикциялық хызметин әмелге асырыўшы мәмлекет уйымлары ҳәм лаўазымлы шахслар тек ғана ҳуқықбузарлық себеплерин анықлаўлары емес, бәлки сол себеп ҳәм шараятларды сапластырыў шараларын да көриўлери лазым. Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң 313-статьясына муўапық, исти көрип шығыўшы орган (лаўазымлы шахс) ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар садыр етиў себеплери ҳәм оларға алып келген шәрт-шараятларды анықлағанда, бул себеплер ҳәм шәрт-шараятларды сапластырыў бойынша шаралар көриў ҳаққындағы усынысты тийисли кәрхана, мәкеме, шөлкем баслығына киритеди. Баслық усыныс келип түскен күннен баслап бир ай ишинде оны киритken органға (лаўазымлы шахсқа) көрилген шаралар ҳаққында мәлим етиўи шәрт.

Усы ўазыйпалардан келип шыққан жағдайда, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүритиў – Өзбекстан Республикасында ҳуқықбузарлықлардың алдын алыўды, пуқараларды Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызамларына бойсыныў руўхында тәрбиялаўды, сондай-ақ, нызамшылықты беккемлеўди нәзерде тутады.

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң 270-статьясына муўапық[1], төмендеги жағдайлар бар болған тәғдирде, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы іслерди жүритиўди баслаў мүмкин емес, басланған ис болса тамамланыўы лазым:

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳәдийсеси ямаса белгиси жоқ болса;

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты садыр етиў ўақтында шахс он алты жасқа толмаған болса;

- ҳуқыққа қарсы ҳәрекет ямаса ҳәрекетсизликти садыр еткен шахс ақылы кемис болса;

- шахс ҳәрекетин зәрүрли қорғаныў жағдайында ямаса ақырғы зәрүрлик жағдайында қылған болса;

- амнистия актиниң шығыўы, егер ол ҳәкимшилик жаза шарасын қоллаўды бийкар қылса;

- ҳәкимшилик жуўапкершиликти белгилеўши ҳүжжет бийкар қылынған болса;

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти көрип шығыў ўақтына келип нызамда нәзерде тутылған мүддетлер өтип кеткен болса;

- ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылып атырған шахс ҳаққында сол факт бойынша ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққында ўәкилликли орган (лаўазымлы шахс) қарар шығарған болса ямаса ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы іслерди тамамлаў ҳаққында шығарылған қарар бийкар қылынбаған болса, сондай-ақ, усы факт бойынша жынаят ҳаққындағы ис қозғатылған болса;

- шахстың иси жүритиле басланған ўақытта дүньядан өткен болса.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис – барлық пуқаралардың жынысы, социаллық келип шығыўы, жеке ҳәм жәмийетлик статусы, рассасы, миллети, тили, дини ҳәм исениминен қәти нәзер, нызам алдында ҳәм сол исти көрип шығыўшы орган (лаўазымлы шахс) алдында теңлиги тийкарында көрип шығылады.

[1] Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Т.: 2010, 170 б.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис – өзбек тилинде, қарақалпақ тилинде ямаса белгили жердеги көпшилик халық сөйлесетуғын тилде жүритиледи. Ис жүритилип атырған тилди билмейтуғын қатнасыўшылар дилмаш арқалы ис материаллары менен толық танысыў ҳәм истиң мәниси бойынша көрип шығыў ўақтында қатнасыў ҳуқықы, сондай-ақ, өзиниң ана тилинде сөйлесиў ҳуқықы менен тәмийинленеди.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис – ашық көриледи. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислерди көрип шығыўдың тәрбиялық ҳәм ескертиўшилик ролин асырыў мақсетинде, бундай ислер ҳуқықбузардың жумыс, оқыў орнындағы жәмәәтлеринде ямаса жасаў жайында көрип шығылыўы мүмкин.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислерди жүритиў ўақтында нызамлардың орынланыўы үстинен прокурор бақлаўы әмелге асырылады. Прокурор бақлаўды алып барыў процесинде:

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққында ис қозғатыўға;

- ис материаллары менен танысып шығыўға

- ис жүритиў ўақтында органлар (лаўазымлы шахслар)дың ҳәрекетлериниң нызамлылығын тексериўге;

- исти көрип шығыўда қатнасыўға;

- исти көрип шығыў ўақтында жүзеге келген мәселелер бойынша илтимасын баян етиўге, жуўмақлар бериўге;

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ушын тийисли органлар (лаўазымлы шахслар) тәсир көрсетиў шараларын туўры қоллағанлығын тексериўге;

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша кабыл қылынған қарарға ямаса шағым арза бойынша шығарылған шешиўши қарарға протест келтириўге;

- нызамда нәзерде тутылған басқа ҳәрекетлерди әмелге асырыўға ҳақлы есапланады.

Өзбекстан Республикасының «Прокуратура ҳаққында»ғы нызам[1] ның 6-статьясына муўапық, прокурордың ҳүжжетлерди, материалларды ҳәм басқа мағлыўматларды усыныў, ревизия, тексериўлер өткериў, қәниге ажыратыў, прокуратураға келиў ҳәм анықланған нызамбузарлықлар бойынша түсиндириўлер бериў, нызамбузыўшылықларды, оларға имканият жаратып атырған себеп ҳәм шәрт-шараятларды сапластырыў, сондай-ақ, нызамға әмел қылыў ҳаққындағы өз ўәкилликлери шеңберинде қойып атырған талапларын орынлаў – барлық пуқаралар ҳәм юридикалық шахслар ушын мәжбүрий болып есапланады.

Дәлийллер - Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы иске тийисли дәлийллер - ҳәр қандай фактикалық мағлыўматлардан ибарат болып, органлар (лаўазымлы шахслар) сол мағлыўматларға тийкарланып:

бириншиден, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық жағдайы жүз берген ямаса бермегенлигин;

екиншиден, сол шахстың оны садыр етиўде айыпкерлигин;

үшиншиден, исти туўры көрип шығыў ушын әҳмийетли болған басқа жағдайларды нызамда белгиленген тәртипте анықлайды.

Бул мағлыўматлар төмендеги қураллар менен белгиленеди:

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы Баянлама;
- ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылып атырған шахстың түсиндириўлери;
- жәбирлениўши гүўалардың көрсетпелери;
- эксперт жуўмағы;
- затлық дәлийллер;
- затлар ҳәм ҳүжжетлерди алып қойыў ҳаққында дүзилген Баянлама;
- басқа материаллар.

Орган (лаўазымлы шахс) дәлийллерге истиң ҳәмме жағдайларын ҳәр тәреплеме, толық ҳәм объектив жәмлеп тексериўге тийкарланған өзиниң ишки исеними менен нызамға әмел қылған ҳалда баҳа береди.

[1] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2001 №9-10, 168-м.

Қылмыстың садыр етилиўи фактине тийисли ҳәр бир өз алдына алынған дәлийл ҳәмде пайда болған барлық анық мағлыўматларға баҳа берилиўи шәрт есапланады.

Егерде исти көрип шығыў ўақтында орган (лаўазымлы шахс) ҳуқықбузарлық жағдайында жынаят белгилери бар деген жуўмаққа келсе, материалларды прокурорға тапсырады.

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекстиң 285-статьясында ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислерди жүритиўди тәмийинлеў шаралары көрсетип өтилген болып, оған муўапық басқа тәсир көрсетиў шаралары қолланып болынғаннан кейин ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты тоқтатыў, ҳуқықбузардың шахсын анықлаў, егер Баянлама дүзиў зәрүр болып, оны ҳуқықбузарлық садыр етилген орынның өзинде дүзиў имканы болмаған тәғдирде ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққында Баянлама дүзиў, ислердиң өз ўақтында ҳәм дурыс көрип шығылыўын тәмийинлеў ҳәм ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислер бойынша шығарылған карарларды орынлаў мақсетинде сол шахсты ҳәкимшилик жол менен услап турыўға, жеке көриктен өткериўге, оның затларын, транспорт қуралларын көзден кешириўге ҳәм затлар ҳәмде ҳүжжетлерин алып қойыўға жол қойылады.

## 2.2. Адвокаттың ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерди жүргизиўде басқа уйымлардан өзгешелиги

Өзбекстан Республикасы аймағында ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин көрип шығыўда ўәкиллиги болған уйымлар ҳәм лаўазымлы шахслар Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексте нәзерде тутылған нормаларға тийкарланып өз хызметлерин әмелге асырады.

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекстиң 242-статьясына муўапық[1] ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислерди:

[1] Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Т.: 2010, 141 б.

- районлық ҳәм қалалық судының ҳәкимшилик ислер бойынша судьясы, хожалық судлары;

- қалаша, аўыл пуқараларының өзин-өзи басқарыў уйымлары қасындағы ҳәкимшилик комиссиялар;

- жас өспиримлердиң ислери менен шуғылланыўшы районлық ҳәм қалалық комиссиялары;

- ишки ислер (милиция) уйымлары, мәмлекетлик инспекциясы уйымлары яки лаўазымлы шахслары ҳәм усы Кодекс пенен ўәкиллик берилген басқа органлар яки лаўазымлы шахслары көрип шығады.

Ҳәкимшилик комиссиялар ҳәм жас өспиримлердиң ислери менен шуғылланыўшы комиссиялар өз ўәкилликлерине киретуғын ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислерди комиссия қурамлық ағзаларының кеминде ярымы болғанында көрип шығыўға ҳәмде Кодексте көзде тутылған ҳәкимшилик жазаларды өз ўәкилликлери шеңберинде қоллаўға ҳәм әпиўайы көпшилик даўыс пенен қарар қабыл қылыўға ҳақылы болып есапланады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислерди көрип шығыўға ўәкиллиги болған лаўазымлы шахслар Кодексте нәзерде тутылған ҳәкимшилик жаза шараларын өз ўәкилликлери шеңберинде ҳәм тек хызмет ўазыйпасын орынлап турған ўақтында ғана қолланыўлары мүмкин.

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекстиң 245-268$^{2}$-статьяларында ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислердиң тийислилиги көрсетип өтилген болып, солардан:

Ҳәкимшилик ислер бойынша судьялар – Кодекстиң 47$^{3}$-статьясы киритилген. Неке жасы ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузыў, неке жасына жетпеген шахс пенен ҳақыйқаттан неке қатнасықларына кирисиў Ата-ана ямаса олардың орнын басыўшы шахслар тәрепинен неке жасына жетпеген шахсты (турмысқа бериў) күйеўге бериў ямаса үйлендириў, неке жасына жетпеген шахс пенен неке дүзиўге тийисли диний мәресимлерди

әмелге асырыў, 40-48, 49[1], 52, 56-62, 64, 66, 67-статьяларында, 76-статьясында (суў хожалығы имаратларына зыян жеткериўге тийисли бөлими), 90-статьяның екинши бөлиминде, 94, 99, 100-108, 110, 111-статьяларында, 112-статьясында (транспорт қуралларын басқарыў ҳуқықынан айырыўға тийисли бөлими) ҳәм басқа бир қанша статьялар көрсетип берилген.

Хожалық судлары – хожалық келиспеўшиликлерин шешиў ўақтында ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты анықлаған жағдайларда усы Кодекстиң 175-статьясының үшинши бөлиминде касса операцияларын жүритиў тәртиби ҳәм төлем интизамын бузыў, сондай-ақ қарыздар кәрханалардан төлемлерди өндириў бойынша салық уйымларының инкассо тапсырмаларын орынламаў, сондай-ақ, 176[1], 180 ҳәм 181-статьяларында нәзерде тутылған ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы63 ислерди көрип шығады.

Район орайынан алыста ҳәм барыў қыйын болған жердеги қалаша, аўыллардағы пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары қасында дүзилген ҳәкимшилик комиссиялар – Кодексиниң 56, 60, 64, 65, 69, 102-108, 110, 111-статьяларында, 148-статьясы (ажыратылған регионларда ҳәм ағаш көпиршелерден 100 метрге шекем болған аралықта өрт жағыў, ағаш көпиршелер ҳәм тахтай төселген көпиршелерде шегиў ушын), 149, 159, 160, 161, 163, 186-188, 200, 203, 209, 231, 232, 234, 235, 236, 238-статьяларында нәзерде тутылған ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислерди көрип шығады.

Жас өспиримлер ислери менен шуғылланыўшы районлық ҳәм қалалық комиссиялары – жас өспирим шахс тәрепинен Кодекстиң 194-статьясында нәзерде тутылғанынан өз алдына садыр етилген ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислерди көрип шығады. Усы Кодекстиң 61-статьясында аз муғдарда талан-тараж етиў, 47-статьясында балаларды тәрбиялаў ҳәм оларға тәлим бериў бойынша миннетлемелерин орынламаў, 125-138, 183-185, 220, 221-статьяларында нәзерде тутылған

ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислерди жас өспиримлер ислери менен шуғылланыўшы комиссиялар сол ислер келип түскен орган (лаўазымлы шахс) исти сол комиссиялар қарап шығыўы ушын тапсырған жағдайларда ғана көрип шығады. Ержетпегенлердиң ислери менен шуғылланыўшы комиссиялар ержетпегенлердиң ата-аналары ямаса олардың орнын басыўшы шахсларға тийисли усы Кодекстиң 188-статьяларында нәзерде тутылған ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислерди де көрип шығады.

Ишки ислер уйымларына – Кодекс 113-статьясының биринши, екинши, төртинши ҳәм бесинши бөлимлери, 114, 115-статьялары, 116-статьясының биринши, үшинши ҳәм төртинши бөлимлери, 121-123, 125-131, 135, 136, 138-142-статьялары (транспорт қуралларын басқарыў ҳуқықынан айырыў ямаса конфескация қылыў тәризиндеги ҳәкимшилик жаза қоллаў белгиленген ҳуқықбузарлықлар буған кирмейди), 144, 145статьялары, 146-статьясының биринши ҳәм екинши бөлимлери, 147, 156, 161, 183-статьялары, 187-статьясының биринши бөлими, 188-статьясы (ержетпеген балалардың ата-аналары ямаса олардың орнын басыўшы шахсларға тийисли ислер буған кирмейди), 192, 204, 205-статьялары, 220-статьясының үшинши ҳәм төртинши бөлимлери, 221, 223, 224, 225-статьяларында нәзерде тутылған ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислер тийисли болып табылады. Төмендегилер ишки ислер уйымлары тәрепинен ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислерди көрип шығыў ҳәм ҳәкимшилик жаза қоллаўға ҳақлы.

в) темир жол вокзаллары ҳәм аэропортлардағы бөлимлердиң, ишки ислер уйымларының сырт елге шығыў, келиў ҳәм пуқаралық бөлимлери (басқармалары)ниң баслықлары ҳәм оның орынбасарлары;

г) милиция участкасы баслықлары, милицияның участка үлкен инспекторлары ҳәм участка инспекторлары;

д) Мәмлекетлик автомобиль қадағалаў бөлими (бөлими, басқармасы) баслығы ямаса оның орынбасары, ҳәкимшилик әмелияит үлкен инспекторы (инспекторы), район, қала, қаладағы район ишки ислер

бөлимин (басқармасы)де Мәмлекет автомобиль қадағалаў бөлими (бөлими) болмаған тәғдирде - Мәмлекетлик автомобиль қадағалаў үлкен инспекторы, ол болмаған тәғдирде - ишки ислер бөлими баслығы ямаса оның орынбасары;

е) жол-патруль хызмети командири ямаса оның орынбасары;

ж) Мәмлекетлик автомобиль инспекторы, жол-патруль хызметиниң инспекторы ҳәм жол ҳәрекети қағыйдаларына ҳәмде жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийнлеўге байланыслы басқа нормативлерге әмел қылыў үстинен қадағалаўды әмелге асырыўшы басқа инспекторлар.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық садыр етилгенлиги ҳаққындағы баянлама ўәкилликли лаўазымлы шахс тәрепинен дүзиледи.

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң 280-статьясына муўапық, бузылыўы ҳәкимшилик жуўапкершиликти келтирип шығаратуғын қағыйдаларға әмел қылыўын тексериў ҳәм қадағалаў нызам ҳүжжети менен мойнына жүклетилген тийисли органның ўәкилликли лаўазымлы шахсы ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы баянламаны дүзеди.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы баянламада: сол баянлама дүзилген сәне ҳәм орын, баянламаны дүзген шахстың лаўазымы, фамилиясы, аты, әкесиниң аты; ҳуқықбузардың шахсына байланыслы мағлыўматлар; ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық садыр еткен орын, ўақыт ҳәм бул ҳуқықбузарлықтың мәниси, сондай ҳуқықбузарлық ушын жуўапкершиликти нәзерде тутыўшы норматив ҳүжжет; егер гүўалар ҳәм жәбирлениўшилер болса, олардың фамилиялары ҳәм жасаў мәнзиллери; ҳуқықбузардың түсиндириўи; исти шешиў ушын зәрүр болған басқа мағлыўматлар көрсетиледи. Егер ҳуқықбузарлық себепли материаллық зыян жеткерилген болса, бул да баянламада көрсетиледи.

Баянлама оны дүзген шахс ҳәм ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық садыр еткен шахс тәрепинен имзаланады; гүўалар ҳәм жәбирлениўшилер болған тәғдирде - баянлама усы шахслар тәрепинен де имзаланады.

Ҳуқықбузарлық садыр еткен шахс баянламаны имзалаўдан бас тартқан тәғдирде, баянламаға бул ҳаққында жазып қойылады. Ҳуқықбузарлық садыр еткен шахс баянламаның мазмуны бойынша баянламаға қосымша етилетуғын түсиндириў ҳәм пикирлерин бериўге, сондай-ақ, усы баянламаға имза қойыўдан бас тартыў себеплерин баян етиўге ҳақлы.

Баянлама дүзиў ўақтында ҳуқықбузарға оның ҳуқық ҳәм миннетлемелери түсиндириледи ҳәм бул бойынша баянламаға жазып қойылады.

Баянламаға басқа ҳүжжетлер ҳәм ис бойынша затлық дәлийллер менен бирге ҳуқықбузарлық садыр етилген ямаса анықланған ўақыттан баслап бир суткадан кешиктирмей ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислерди көрип шығыў ўәкиллигине ийе болған органға (лаўазымлы шахсқа) жибериледи.

Егер пуқара өзи ислеген ҳуқықбузарлық фактине қарсылық билдирмесе ҳәм оған сол орынның өзинде салынатуғын жәрийманың муғдары ең кем ис ҳақының екиден бир бөлегинен көп болмаса, жол ҳәрекети қағыйдаларын бузғанлық ҳаққындағы ислер бойынша болса бир бөлегинен, сондай-ақ, нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған өзге жағдайларда баянлама дүзилмейди. Жәрийма төлегенлиги ҳаққында айыпкерге белгиленген формадағы квитанция бериледи.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққында баянлама дүзиў мақсетинде, егер баянлама дүзиў зәрүр болып, оны ҳуқықбузарлық ислеген орында дүзиў мүмкин болмаса, ҳуқықбузар милиция хызметкери ямаса ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққында баянлама дүзиўге ўәкилликли басқа шахс тәрепинен милицияға ямаса пуқаралардың өзин өзи басқарыў органы имаратына услап келтирилиўи мүмкин.

Транспорт қуралларынан пайдаланыў, ҳәрекет тәртиби ҳәм қәўипсизлигин сақлаў, транспортта жүклерди пүтин сақланыўын тәмийнлеў бойынша қағыйдалар, транспортта өрттен сақлаў қағыйдлары,

санитария-гигиена ҳәм эпидемияға қарсы гүресиў-санитария қағыйдалары бузылған тәғдирде ҳуқықбузар, егер онда шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетлер ҳәм ол ҳаққында зәрүр мағлыўматлар бериўи мүмкин болған гүўалар болмаса, ўәкилликли шахс тәрепинен милицияға услап келтирилиўи мүмкин.

Өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясын қорғаў ҳәм оннан пайдаланыў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери бузылғанда баянлама дүзиў мақсетинде, егер ҳуқықбузардың шахсын ҳуқықбузарлық садыр етилген жайдың өзинде анықлаў мүмкин болмаса, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясын асыраў ҳәм оннан пайдаланыў үстинен қадағалаў алып барыўшы органлардың хызметкерлери, айрықша қорғалатуғын тәбийий аймақлардың лаўазымлы шахслары, сондай-ақ, милиция хызметкерлери сондай ҳуқықбузарлық садыр еткен шахсларды милицияға ямаса пуқаралардың өзин өзи басқарыў органы имаратында услап келтириўлери мүмкин. Ҳуқықбузар тәбиятты қорғаў жәмәәтшилик инспекторлары, аўшылық жәмәәтшилик инспекторлары, балықларды қорғаў жәмәәтшилик инспекторлары ҳәм тоғайлардың жәмәәтшилик инспекторлары тәрепинен де услап келтирилиўи мүмкин.

Юридик шахслардың қорғалатуғын объектлерине, басқа ҳәр түрли мүлкке қастыянлық қылыў менен байланыслы ҳуқықбузарлық садыр етилген тәғдирде ҳуқықбузар әскерийлестирилген сақшы хызметкерлери тәрепинен ҳуқықбузарлық ҳәрекетин сапластырыў, ҳуқықбузарлық шахсын анықлаў ҳәм ҳуқықбузарлық ҳаққында баянлама дүзиў ушын әскерийлестирилген сақшылық хызмети имаратына ямаса милицияға услап келтирилиўи мүмкин.

Ҳуқықбузарды алып келиў илажы барынша қысқа мүддетте әмелге асырылыўы лазым.

Пуқаралардың өзин өзи басқарыў органы имаратына алып келинген шахс бул жерде бир сааттан артық услап турылыўы мүмкин емес.

## 2.3. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти жүргизиўде қатнасыўшы шахслар

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти жүргизиўде - ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылып атырған шахс, жәбирлениўши, нызамлы ўәкиллер, адвокат, гүўа, эксперт, дилмаш ҳәм басқалар қатнасады.

Ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылып атырған шахс - ис материаллары менен танысып шығыўға, түсиндириўлер бериўге, дәлийллер келтириўге, өз илтимасын баян етиўге, исти көрип шығыў ўақтында адвокаттың ҳуқықый жәрдеминен пайдаланыўға, өз ана тилинде сөйлеўге ҳәм дилмаштың хызметлеринен пайдаланыўға, ис бойынша шығарылған қарар үстинен шағым арза бериўге ҳақлы.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылып атырған шахс қатнасында көрип шығылады. Усы шахсқа исти көрип шығыў орны ҳәм ўақты ҳаққында хабар қылынғанлығы ҳаққында мағлыўматлар болған ҳәм одан исти көрип шығыўды кешиктириў бойынша ҳеш қандай илтимас түспеген жағдайларда ғана ис оның қатнасыўысыз көрип шығылыўы мүмкин.

Егер садыр еткен ҳуқықбузарлығы ушын усы Кодексте ҳәкимшилик қамаққа алыў, затларын конфескация қылыў ямаса ҳақын төлеў шәрти менен алып қойыў шараларын қоллаў нәзерде тутылған болса, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислерди көрип шығыў ўақтында ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылып атырған шахстың қатнасыўы шәрт. Сол шахс бундай ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти көрип шығыўда қатнасыўдан бас тартқан тәғдирде ол ҳәкимшилик ислер бойынша судьяның уйғарыўы менен ишки ислер (милиция) органы тәрепинен мәжбүрий алып келиниўи мүмкин. Экспорт қылыныўы қадаған етилген буйымлар ҳәм товар Өзбекстан Республикасынан сыртқа алып шығып кетилиўи менен байланыслы болып, конфескация шарасы қолланылыўы мүмкин болған ҳәкимшилик

жуўапкершилик ҳаққындағы ис бажыхана органы тәрепинен өз алдына жағдайларда, егер ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылып атырған шахс Өзбекстан Республикасы аймағынан сыртта болса ямаса оның қаерде екенин анықлаўдың илажы болмаса, ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылып атырған шахстың қатнасыўысыз көрип шығылады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық жолы менен руўхый, физикалық ямаса мүлкий зыян жеткерилген шахс - жәбирлениўши деп табылады. Жәбирлениўши иске байланыслы ҳәмме материаллар менен танысып шығыўға, көрсетиўлер бериўге, дәлийллер келтириўге, илтимаслар қылыўға, исти көрип шығыў ўақтында адвокаттың юридик жәрдеминен пайдаланыўға, өз ана тилинде сөйлеўге ҳәм дилмаш хызметинен пайдаланыўға ис бойынша шығарылған қарар үстинен шағым бериўге ҳақлы.

Ержетпеген ямаса өзиниң физикалық нуқсанлары ямаса руўхый кеселликлери себепли ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислер бойынша өз ҳуқықын өзи әмелге асыра алмайтуғын - ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылып атырған шахстың ямаса жәбирлениўшиниң мәплерин олар ушын сол шахслардың нызамлы ўәкиллери (ата-аналары, күйеўи ямаса ҳаяллары, ержетпеген балалары, перзентликке алыўшылар, мийрасқорлар, қәўендерлер) сәўлелендириўге ҳақлы. Нызамлы ўәкиллер ис материаллары менен танысыўға ҳәм мәплерин өзлери сәўлелендирип атырған шахс атынан илтимаслар қылыўға, ис бойынша шығарылған қарар үстинен шағым арзасы бериўге ҳақлы.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти көрип шығыўда усы ҳуқықбузарлықты садыр еткен шахсты услап турыў ўақтынан баслап адвокат катнасыўы мүмкин. Адвокат иске тийисли материаллар менен танысып шығыўға, оған мүражат еткен шахстың тапсырмасына муўапық ҳәм оның атынан илтимаслар қылыўға ҳәм ис бойынша шығарылған қарар үстинен шағым бериўге ҳақлы есапланады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша анықланыўы керек болған бирде-бир жағдайдан хабардар болыўы мүмкин болған ҳәр қандай шахс сол ис бойынша гүўа сыпатында шақырылыўы мүмкин. Исти жүритип атырған органның (лаўазымлы шахстың) шақырыўына муўапық гүўа көрсетилген ўақытта келиўи, ҳақыйқый көрсетпелер бериўи, сол ис бойынша өзине мәлим болған ҳәмме нәрселерди айтып бериўи ҳәм қойылған сораўларға жуўап бериўи шәрт.

Эксперт - ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти жүритип атырған орган (лаўазымлы шахс) тәрепинен арнаўлы түсиникке ийе болыў зәрүрлиги туўылған жағдайларда тайынланады. Эксперт исти жүритип атырған органның (лаўазымлы шахстың) шақырыўы бойынша келиўи ҳәм өзиниң алдына қойылған сораўлар бойынша қалыс жуўмақлар бериўи шәрт. Эксперт экспертиза предметине тийисли ис материаллары менен танысып шығыўға, жуўмақ бериў ушын илтимаслар қылыўға, жуўапкершиликке тартылып атырған шахсқа, жәбирлениўшиге, гүўаларға ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти жүритип атырған органның (лаўазымлы шахстың) рухсаты менен экспертиза предметине тийисли болған сораўлар бериўге, исти көрип шығыў ўақтында қатнасыўға ҳақлы есапланады.

Дилмаш - ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти жүритип атырған орган (лаўазымлы шахс) тәрепинен тайынланады. Дилмаш сол органның (лаўазымлы шахстың) шақырыўы бойынша келиўи, өзине тапсырылған аўдарманы толық ҳәмде анық орынлаўы шәрт есапланады.

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик кодексиниң 301-статьясына муўапық жәбирлениўшилер, гүўалар, экспертлер ҳәм дилмашлар ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти жүритип атырған орган (лаўазымлы шахс) алдына келиўлери мүнәсебети менен олардың қылған қәрежетлери белгиленген тәртипте қапланып бериледи.

## II бап бойынша жуўмақ

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислери бойынша ҳәр бир жағдайды өз ўақтында анықлаў – ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы нызам ҳүжжетлеринде белгиленген мүддетлерге әмел қылыўды нәзерде тутады.

Адвокат ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекстеги ҳәм адвокатура ҳаққындағы нызамда көрсетилген ўәкиллик шеңберинде жумыс алып барыўы лазым. Бул оның ўазыйпалары нызамлылық принциплерине тийкарланып жумыс алып барыўын аңлатады.

Жәбирлениўшилер, гүўалар, экспертлер ҳәм дилмашлар сыпатында шақырылған шахслардың ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти жүритип атырған орган (лаўазымлы шахс) алдына келиўлери мүнәсебети менен олар исте болмаған ўақытта өзиниң жумыс орнындағы ис ҳақысы белгиленген тәртипте сақланады.

Эксперт ҳәм дилмаш хызмет тапсырмасы тәртибинде орынланған жағдайлардан басқа, өзиниң ўазыйпаларын орынлағаны ушын сыйлықланыў ҳуқықына ийе болып есапланады.

Ҳәкимшилик жуўапкершиликке нызамға қылап тәризде тартылып атырғанлығы нәтийжесинде пуқараға жеткерилген зыян ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти көрип шыққан органның (лаўазымлы шахстың) айыбынан қәти нәзер мәмлекет тәрепинен толық муғдарда төленеди. Зыянды қаплаў ҳуқықы ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис тамамланғаннан кейин жүзеге келеди.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти жүритип атырған орган пуқараға бузылған ҳуқықларын тиклеў тәртибин түсиндирип бериўи ҳәм ҳәкимшилик жуўапкершиликке нызамға қылап тәризде тартылғанлығы нәтийжесинде пуқараға жеткерилген зыянды қаплаў ушын нызамда нәзерде тутылған шараларды көриўи шәрт.

## III бап. Адвокаттың ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўин шөлкемлестириўдиң ҳуқықый ҳүжжетлери.

### 3.1. Адвокаттың ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде гүўалық ҳәм ордердиң орны

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов 2010-жылы 12-ноябрде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисинде «мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»-атамасындағы баянатында: "Биз ислеп шыққан ҳәм бүгинги күни турмысқа асырылып атырған усы моделдиң мазмун-мәниси - мәмлекет қурылысы ҳәм конституциялық дүзимди түпкиликли өзгертиў ҳәм жаңалаў, экономиканы идеологиядан бөлек қойыў, оның сиясаттан үстинлигин тәмийинлеў, мәмлекеттиң бас реформатор ўазыйпасын орынлаўы, яғный реформалардың инициаторы болыўы ҳәм оларды муўапықластырып барыўы, нызам үстинлигин тәмийинлеў, күшли социаллық сиясат жүргизиў, реформаларды басқышпа-басқыш ҳәм избе-из алып барыў принциплерине тийкарланатуғын сиясий, экономикалық ҳәм социаллық реформаларды әмелге асырыўдан ибарат[1]"-деп айтады.

Бунда, әсиресе, елимизде нызамшылық ҳәм нызам үстинлигин орнатыў ҳуқық ҳәм оның үстинлигин тәмийинлеўге байланыслылығын есапқа алыў, инсан ҳуқықларына иззет - ҳүрметти ҳәм оларға әмел қылыўды улыўма миллет дәрежесинде раўажландырыўға қаратылған мәдениятты жетилистириў, инсанның өзиниң ҳукықлары ҳәм миннетлемелеринен жақсы хабардар болыўы инсан ҳуқықларының конституциялық кепилликлерин тәмийинлеўдиң ең тийкарғы шәрти болыўына ерисиў жүдә үлкен әҳмийетке ийе.

---

[1] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты.

Қорғаўшының көрилип атырған исте қатнасыўы ушын ҳуқық қорғаў уйымларынан өзине рухсат берилгени ҳаққында жазба рәуиштеги тастыйықлаўшы ҳүжжет ҳәм сондай-ақ, өз қорғаўындағы шахс пенен ушырасыў ушын рухсат алыў миннетин белгилейтуғын нормалар жынаят процессуал нызамшылығынан шығарылды. Буннан былай олардың барлығы ушын – соған итибар бериўимиз керек деп ойлайман, - адвокатлық гүўалығы ҳәм адвокатлық шөлкеми тәрепинен берилетуғын ордердиң өзи жеткиликли.

Өзбекстан Республикасы Әдиллик Министрлигиниң «Адвокатлик гүўақнамасы ҳәм адвокатлардың мәмлекет реестрлерин жүритиў тәртиби ҳаққында тәртипти тастыйықлаў ҳаққында»ғы Буйрығы 2009 жыл 31 март, 85-саны менен шығарылған, усы буйрыққа қосымша Адвокатлик гүўақнамасы ҳәм адвокатлардың мәмлекет реестрлерин жүритиў тәртиби ҳаққында тәртипте адвоктлық гүўалықнамасы – адвокатлық статусын тастыйықлаўшы ҳүжжет деп көрсетип өтилген. Адвокатлық гүўалықнамасының формасы ҳәм оны бериў тәртиби ҳаққында айтып өтилген. Адвокалық гүўалқнамасы Нызамның

Өзбекстан Республикасы Әдиллик Министрлигиниң «Адвокат тәрепинен исти алып барыўға ордер формасын тастыйықлаў ҳаққында»ғы Буйрығы 2009 жыл 8 апрель, 91-саны менен шығарылған. Бул буйрықта адвокат тәрепинен жумысты алып барыўға ордер бериледи, оның формасы белгили көринисине ийе болып табылады. Ордер бланкалары адвокатлық дүзилмелери, тийисли юридикалық мәсләҳәтханалар ушын Өзбекстан Республикасы Адокатлар палатасының аймақлық басқармаларының буйыртпалары тийкарында баспахана усылында таярланады. Олардың қатаң белгиленген есабы жүритилетуғын тәртип номери көрсетилген болады.

Бул ордер бланкаларының есапқа алыныўына, сақланыўына ҳәм мақсетли пайдаланылыўына адвокатлық дүзилмесиниң баслығы жуўапкер

есапланады. Ордердиң басқа шахслар тәрепинен қол қойыўына жол қойылмайды, тек ғана адвокатлық дүзилмесиниң баслығы қол қояды ҳәмде ордерде сәўлелендирилген мағлыўматлар ушын жеке өзи жуўапкер есапланады.

Лазым тәризде рәсмийлестирилмеген, дақ түсирилген ҳәм жазыўлары өширилген ордер ҳақыйқый емес деп есапланады. Ордер адвокатлық гүўалықнамасы менен усынылғанда ҳақыйқый деп есапланады. Кеңрек түсиндиретуғын болсақ, адвокат истиң қандай түри менен шуғыланыўынан қәти нәзер суд процесинде қатнасыў ушын белгили исти жүргизиўде мағлыўматларты сәўлелендирилген ордери менен бирге гүўалықнамасын көрсетип процеске қатнасыў ҳуқықына ийе болады.

«Адвокатура ҳаққында»ғы нызамның 17-статьясында Адвокатура ҳәм Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги деп көрсетилген.

Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги өз ўәкилликлери шеңберинде:

- адвокат дүзилмелери ҳәм адвокатлар палатасының жумысына көмеклеседи;

-адвокатура хызмети ҳаққындағы статистикалық мағлыўматларды үйренеди;

- адвокатлардың билимин асырыўға байланыслы илажларды әмелге асырыўға көмеклеседи;

- адвокатлар тәрепинен лицензия талаплары ҳәм шәртлерине, сондай-ақ адвокатлық дүзилмелери тәрепинен шөлкемлестириў ҳүжжетлерине, уставта белгиленген хызметине, қайта дизимнен өтиў ҳәм тамамлаў тәртибине әмел етилиўин қадағалаў;

- адвокатлық гүўалықнамасының формасын ҳәм оның бериў тәртибин тастыйықлайды;

- ордер формасын тастыйықлайды.

Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги ҳәмменің пайдаланыўы ушын ашық болған Адвокатлардың топлам мәмлекетлик

реестрин жүритеди. Әдиллик басқармаларының адвокатлардың тийисли тийисли мәмлекетлик реестрин жүритеди. Адвокатлардың топлам мәмлекетлик реестрин ҳәмде адвокатлардың мәмлекетлик реестрин жүритиў тәртиби Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги тәрепинен белгиленеди.

Жоқарыдағы статьяға түсиндирме беретуғын болсақ, адвокатура жумысының ҳуқықый шөлкемлесиў ҳәм жетилистириўде Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң ўәкилликлери белгиленген.

Усындай ўәкилликтиң берилиўинде 2003 жыл 27 августағы «Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги жумысын жәнеде жетилистириў шара-илажлары ҳаққында»ғы 370-санлы қарары Министрлер Кабинети тәрепинен қабыл етилди. Онда көрсетилиўинше Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң ең әҳмийетли ўазыйпалары ҳәм хызмет бағдарларынан бири сыпатында адвокатура хызметин мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў ҳәм олардың нәтийжелилигин асырыў көде тутылады.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен 2003 жыл 27 августағы 370-санлы қарары менен тастыйықланған «Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги ҳаққында»ғы Тәртипте көрсетилгениндей, Әдиллик министрлиги адвокатура хызметин мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў ҳәм олардың нәтийжелилигин асырыў ўазыйпасын орынлаў менен бир қатарда инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўда адвокатлық дүзилмелериниң ролин күшейттириўге, пуқаралық жәмийети институтларын раўажландырыўға ҳәмде олардың ҳуқықый тийкарлары беккемлениўине көмеклеседи.

Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги өзине жүкленген жоқардағы ўазыйпаларды орынлаў ушын адвокатура ҳәм юридикалық хызметлерди раўажландырыў бойынша төмендеги функцияларды әмелге асырады:

- адвокатлардың республика жәмәәт бирлеспеси менен биргеликте қәниге комиссиялары ўәкилликлерин ҳәм олар хызметин шөлкемлестириў тәртибин белгилейди;

- адвокатлардың республика жәмәәт бирлеспелери менен биргеликте адвокатлардың Жоқары қәниге комиссиясы қурамын тастыйықлайды;

- адвокатларға лицензиялар бериўди ҳәм адвокатлық бюролары, коллегиялары ҳәм фирмаларын мәмлекет дизиминен өткериўди әмелге асырады;

- адвокатлар, сондай-ақ адвокатлық бюролары, коллегиялары ҳәм фирмаларының реестрин жүритеди;

- адвокатлық бюролары, коллегиялары, фирмалары ҳәм адвокатлардың жоқары билим комиссиясының жумысына методикалық жәрдем көрсетеди ҳәм көмеклеседи;

- адвокатлардың унамлы жумыс тәжирийбесин үйренеди ҳәм ғалабаластырады;

- адвокатлар билимин асырыў бойынша илажларды әмелге асырыўға көмеклеседи;

- адвокатлардың кәсиблик жумысы менен байланыслы тосқынлақлар, тийкарсыз шеклеўлер ҳәм қастыянлықлардан адвокатларды қорғаў шара-иләжларын көреди;

- адвокатлық жумысын тәртипке салыўшы нызам ҳүжжетлерин, адвокатлық этикасы қағыйдаларына әмел етиўи, сондай-ақ, адвокатлардың кәсиплик таярлығы үстинен қадағалаўды әмелге асырады;

- адвокатлық бюролары, коллегиялары ҳәм фирмаларының әдиллик басқармаларына статистикалық есап тапсырыў формаларын тастыйықлайды ҳәм мүддетлерин белгилейди;

- юридикалық хызметлерди көрсетиўди шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыў шара-иләжларын әмелге асырады;

- адвокатура хызмети ҳаққындағы статистикалық мағлыўматларды топлайды ҳәм үйренеди.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти көрип шығыў – исти көрип шығыўға таярлаўдан басланады. Исти көрип шығыў ўақтында тийисли орган (лаўазымлы шахс) төмендегилерди итибарға алады:

- сол исти көрип шығыў өзиниң ўәкиллиги шеңберине кириўи ямаса кирмеслиги;

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы баянлама ҳәм иске тийисли басқа материаллар дурыс дүзилгени ямаса дурыс дүзилмегенлиги;

- исти көрип шығыўда қатнасыўшы шахслар оны көрип шығыў ўақты ҳәм орны ҳаққында хабардар етилгени ямаса хабардар етилмегенлиги;

- зәрүрли қосымша материаллар сорап алынғаны ямаса алынбағанлығы;

- ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылып атырған шахстың, жәбирлениўшиниң, нызамлы ўәкиллердиң, адвокаттың илтимаслары ҳаққындағы мәселелерди шешеди.

Көпшилик жағдайларда, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис сол ҳуқықбузарлық садыр етилген орында көрип шығылады.

Ержетпегенлер иси менен шуғылланыўшы комиссиялар ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислерди ҳуқықбузардың жасаў жайында көрип шығады.

Өзбекстан Республикасының нызам ҳүжжетлеринде ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис басқа жайда көрип шығылыўы да нәзерде тутылыўы мүмкин.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ис сол исти көрип шығыўға ўәкилликли орган (лаўазымлы шахс) тәрепинен ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы баянлама ҳәм иске тийисли басқа материаллар алынған күннен баслап он бес күнлик мүддет ишинде көрип шығылады.

Исти көрип шығыў сол исти көриўши органның қурамын жәриялаў ямаса лаўазымлы шахсты таныстырыўдан басланады.

Исти көрип шығыўшы органның жыйналысында басшылық қылыўшы ямаса исти көрип шығыўшы лаўазымлы шахс қандай ис көрип шығылыўы лазымлығын, ҳәкимшилик жуўапкершиликке ким тартылып атырғанлығын жәриялайды, исти көрип шығыўда қатнасыўшы шахсларға олардың ҳуқықлары ҳәм ўазыйпаларын түсиндиреди, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы баянламаны оқып еситтиреди. Жыйналыста исти көрип шығыўда қатнасыўшы шахслардың сөзлери тыңланады, келтирилген дәлийллер үйрениледи ҳәм түскен илтимаслар шешиледи. Исти көрип шығыўда прокурор қатнасқан тәғдирде оның жуўмағы оқып еситтириледи.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти көрип шығыў ўақтында тийисли орган (лаўазымлы шахс) төмендегилерге итибар береди:

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық садыр етилгенлигин ямаса садыр етилмегенлигин;

- ҳуқықбузарлық садыр етилген ўақыт ҳәм орынды;

- сол шахс оны садыр етиўде айыплы ямаса айыплы емеслигин;

- оның ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылыў-тартылмаслығын;

- жуўапкершиликти жеңиллестириўши ямаса аўырластырыўшы жағдайлар бар ямаса жоқлығын;

- мүлкий зыян жеткерилгенлиги ямаса жеткерилмегенлигин;

- исти туўры шешиўде әҳмийетке ийе басқа жағдайларды анықлаўы шәрт.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти көрип шығыў ўақтында тийисли орган баянлама дүзеди. Олар төмендегише:

- мәжилис болған сәне ҳәм орны;

- исти көрип шығыўшы органның аты ҳәм қурамы;

- көрилип атырған истиң мазмуны;

- исте қатнасыўшы шахслардың келген-кемлегенлиги ҳаққындағы мағлыўматлар;

- исти көриўде катнасыўшы шахслардың түсиндириўлери, олардың илтимаслары ҳәм бул илтимасларды көрип шығыў нәтийжелери;

- исти көрип шығыў ўақтында үйренилген ҳүжжетлер ҳәм затлық дәлийллер;

- қабыл қылынған карарды оқып еситтириў ҳаққындағы мағлыўматлар ҳәм қарар үстинен шағым арзасын бериў тәртиби ҳәм мүддетлери түсиндирилгенлиги көрсетилген болады.

Ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылып атырған шахстың, жәбирлениўшиниң ҳәм өзге мәпдар шахслардың илтимасына муўапық ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы истиң мәпдар шахс тәрепинен көрип шығылыўы қандай баратырғанлығы белгиленген талапларына муўапық рәўиште жүритилиўши баянламада сәўлелендириледи.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти көрип шығыў баянламасы тийислисинше орган мәжлисиндеги басшылық қылыўшы ҳәм хаткер тәрепинен ямаса исти көрип шығыўшы лаўазымлы шахс тәрепинен имзаланады.

Орган (лаўазымлы шахс) ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти көрип шығыў, сол ис бойынша қарар шығарады.

Қарарда төмендегилер көрсетилген болыўы керек:

- қарар шығарған органның (лаўазымлы шахстың) аты;

- ис көрип шығылған сәне;

- иси көрип шығылып атырған шахс ҳаққындағы мағлыўматлар;

- исти көрип шығыў ўақтында анықланған жағдайлардың баяны;

- сол ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ушын жуўапкершиликти нәзерде тутыўшы норматив ҳүжжет;

- ис бойынша қабыл етилген қарар.

Егер ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ушын органлар (лаўазымлы шахслар) тәрепинен ҳәкимшилик жазаны қоллаў ҳаққындағы мәселени шешиў ўақтында айыпкерден жеткерилген мүлкий зыянды өндирип алыў мәселеси де шешилетуғын болса, ис бойынша шығарылған карарда

өндирип алыныўы лазым болған сол зыянның муғдары, оны өндирип алыў мүддети ҳәм тәртиби көрсетиледи.

Ис бойынша шығарылған қарарда алып қойылған затлар ҳәм ҳүжжетлер, сондай-ақ, услап турылған транспорт қураллары ҳаққындағы мәселе де шешилген болыўы лазым.

Қарар мәжилисте қатнасып атырған коллегиал орган ағзаларының әпиўайы көпшилик даўысы менен қабыл қылынады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарар лаўазымлы шахс тәрепинен, органның қарары - мәжилисте басшылық қылыўшы ҳәм хаткер тәрепинен имзаланады.

Жаза қоллаў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған жағдайларда ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы баянламаға тийисли жазыў жазып қойылады.

Орган (лаўазымлы шахс) ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти көрип шығыў, төмендеги қарарлардан бирин қабыл қылады:

1) ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққында;

2) исти жүритиўди тамамлаў ҳаққында.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарар исти көрип шығыў тамамланыўы менен дәрҳал жәрияланады.

Қарардың нусқасы үш күн ишинде үстинен шығарылған қарарды сол шахсқа, сондай-ақ, өзиниң илтимасына көре жәбирлениўшиге тапсырылады ямаса жөнетиледи.

Қарардың нусқасы тилхат пенен бериледи, егер қарардың нусқасы жөнетилсе, бул ҳаққында иске тийисли жазыў жазып қойылады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислерди көрип шығыўшы орган (лаўазымлы шахс) ҳуқықбузарға қарата ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққында шығарылған қарарды сол ҳуқықбузар жумыс орнына ямаса оқып атырған орындағы админисртациясына жеткериледи.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы исти көрип шығыўшы орган (лаўазымлы шахс) қабыл қылынған қарар ҳаққында ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққында баянлама дүзген лаўазымлы шахсқа жибериледи.

## 3.2 Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарарға адвокаттың шағым арза бериўи

Өзбекстан Республикасы ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекстиң 314-статьясына муўапық, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарар бойынша үстинен сол қарар шығарылған шахс, жәбирлениўши, сондай-ақ, олардың нызамлы ўәкиллери ҳәм адвокат тәрепинен шағым арзасы берилиўи мүмкин.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарар үстинен жоқары турыўшы органға (лаўазымлы шахсқа) ямаса ҳәкимшилик ислер бойынша район (қала) судьясына, судьяның ҳәкимшилик ислер бойынша қарары үстинен болса - район (қала) суды баслығына ямаса жоқары турыўшы судқа шағым арзасы берилиўи мүмкин. Хожалық судының ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шешиўши қарар үстинен Өзбекстан Республикасы Хожалық-процессуал кодексинде белгиленген тәртипте шағым қылынады.

Шағым арзасы ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша қарар қабыл кылған орган (лаўазымлы шахс) арқалы ямаса туўрыдан-туўры шағым жолланған судқа жибериледи.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша қарар шығарған орган (лаўазымлы шахс) шағым арзасын алғаннан кейин, оны үш сутка ишинде ис пенен бирге усы статьяға муўапық шағым арзасын көрип шығыў ҳуқықына ийе болған органға (лаўазымлы шахсқа) жибереди.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарарға шағым арзасын берген шахс мәмлекетлик бажы төлеўден азат етиледи.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарарға сол қарардың нусқасын алған күннен баслап он күн ишинде шағым арзасы берилиўи мүмкин. Усы мүддет кеширимли себеплер менен өткерилип жиберилген тәғдирде, бул мүддет шағымды көрип шығыўға ўәкилликли орган (лаўазымлы шахс) тәрепинен қайта тиклениўи мүмкин.

Прокурор ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша:

1) район (қала) судының ҳәкимшилик ислер бойынша судьясы қарары үстинен - район (қала) суды баслығына ямаса жоқары турыўшы судқа;

2) басқа орган (лаўазымлы шахс) қарары үстинен – қарар шығарған органға (лаўазымлы шахсқа) ямаса жоқары турыўшы органға (лаўазымлы шахсқа) протест билдириўи мүмкин.

Хожалық судының ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шешиўши қарары үстинен Өзбекстан Республикасы Хожалық-процессуал кодексинде белгиленген тәртипте протест келтириледи.

Белгиленген мүддетте шағым арзасын бериў ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққындағы қарардың орынланыўын шағым арзасы көрип шығылғанға шекем тоқтатып турады, ҳәкимшилик қамақ жазасын қоллаў ҳаққындағы қарар ҳәм ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық садыр етилген орында өндирип алынатуғын жәриймa салыў жағдайлары буған кирмейди.

Прокурордың протест билдириўи ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша қабыл қылынған қарар орынланыўын протест көрип шығылғанға шекем тоқтатып турады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарар бойынша берилген шағым арзасы ямаса билдирилген протестти ўәкилликли органлар (лаўазымлы шахслар), шағым арзасы ҳәм протест түскен күннен баслап он күн мүддет ишинде көрип шығады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарар бойынша берилген шағым арзасы ямаса билдирилген протестти

көрип шығыў ўақтында орган (лаўазымлы шахс) шығарылған қарардың нызамлылығын, тийкарлылығын ҳәм әдиллилигин тексереди.

Ҳәкимшилик ислер бойынша судьяның қарары бойынша берилген шағым арзасы ямаса билдирилген протест бойынша ис кассация инстанциясы судьясы тәрепинен суд баслығы тапсырмасына муўапық көрип шығылады.

Кассация инстанциясы суды судьясының ҳәкимшилик ислер бойынша судьяның қарары бойынша берилген шағым арзасы ямаса билдирилген протест бойынша шешиўши қарары қарар формасында шығарылады ҳәм шығарылған ўақыттан баслап күшке киреди.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарар бойынша берилген шағым арзасы ямаса билдирилген протестти көрип шығыў ўақтында орган (лаўазымлы шахс) төмендеги шешиўши қарарларынан бирин қабыл етеди:

- шығарылған қарарды өзгериссиз, шағым арзасы ямаса протестти болса қанаатландырарсыз қалдырады;

- шығарылған қарарды бийкар қылады ҳәм исти қайта көрип шығыў ушын жибереди;

- шығарылған қарарды бийкар қылады ҳәм исти жүритиўди тоқтатады;

- жаза шарасын күшейттирмеген жағдайда оны ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ушын жуўапкершилик ҳаққындағы норматив ҳүжжетте нәзерде тутылған шеңберде өзгертиреди.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарарды бийкар қылыў ямаса өзгертиў ушын:

- орган (лаўазымлы шахс) тәрепинен исти толық болмаған жағдайда ямаса бир тәреплеме көрип шығылыўы;

- орган (лаўазымлы шахс) шешиўши қарарының ҳәмде Өзбекстан Республикасы ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекстиң Арнаўлы бөлиминиң қолланылған нормалары ҳәм ҳәкимшилик

жуўапкершилик нәзерде тутылған басқа норматив ҳүжжетлер истиң фактикалық жағдайларына сәйкес келмеўи;

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислерди жүритиў қағыйдаларының бузылыўы; қолланылған ҳәкимшилик жазаның әдилсизлиги тийкар болып есапланады.

Усы исти көрип шығыўға ўәкиллиги болмаған орган (лаўазымлы шахс) тәрепинен шығарылған қарар бийкар қылынады, ис болса ўәкилликли органға (лаўазымлы шахсқа) көрип шығыў ушын жибериледи.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарар бойынша берилген шағым арзасы ямаса билдирилген протест бойынша қабыл қылынған шешиўши қарарында:

- ол шығарылған ўақыт ҳәм орын; шағым арзасы ямаса протестти көрип шығып атырған лаўазымлы шахс;

- прокурор ҳәм басқа қатнасып атырған шахслар;

- шағым арзасын берген шахс ямаса протест билдирген прокурор;

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шағым арзасы берилген ямаса протест билдирилген қарардың ҳәмде шағым арзаның, протесттиң мәниси;

- шығарылып атырған қарардың тийкар болыўы;

- шағым арза ямаса протест бойынша карар көрсетилиўи лазым.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарар бойынша берилген шағым арзасы ямаса билдирилген протестке тийисли шешиўши қарарының нусқасы өзи ҳаққында сол қарар шығарылған шахсқа он күн мүддет ишинде жибериледи, жәбирлениўшиге болса – оның илтимасына муўапық жибериледи. Протестти көрип шығыў нәтийжелери ҳаққында прокурорға мәлим қылынады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған қарар үстинен берилген шағым арзасы бойынша шығарылған шешиўши карарға прокурор протест билдириўи мүмкин.

Шағым арзасы бойынша шығарылған шешиўши қарарына протест усы қарарды шығарған органнан (лаўазымлы шахстан) жоқары турыўшы органға киритиледи.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти көриўди тамамлаў менен қарарды бийкар қылыў өндирип алынған пул суммаларын, ҳақы төлеп алып қойылған ҳәм конфескация қылынған затларды қайтарып бериўге, сондай-ақ, илгери қабыл қылынған қарар менен байланыслы басқа шеклеўлерди бийкар қылыўға себеп болады. Затты қайтарып бериў мүмкин болмаған жағдайларда оның қуны, егер бул нәрселер исбилерменлик ушын мөлшерленген болса, жоғалтқан пайдасы да қапланады.

Пуқараны ҳәкимшилик қамаққа алыў нызамға қылап рәўиште қолланылғанлығы нәтийжесинде жеткерилген зыян нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте қапланады.

Ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққындағы қарарларды орынлаў. Ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққындағы қарарды кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер, лаўазымлы шахслар ҳәм пуқаралар орынлаўы мәжбүрий болып есапланады.

Ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққындағы қарар, егер усы Кодексте ҳәм Өзбекстан Республикасының басқа нызам ҳүжжетлеринде өзгеше қағыйда белгиленбеген болса, шығарылған ўақыттан баслап орынланыўы мүмкин.

Ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққындағы қарарға шағым арзасы берилген ямаса протест билдирилген тәғдирде бул қарар берилген шағым арзасы ямаса билдирилген протест қанаатландырыўсыз қалдырылғаннан кейин орынланыўы керек. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық садыр етилген орынның өзинде өндирип алынатуғын жәрийма салыў ҳаққындағы қарар буған кирмейди.

Ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққындағы қарар оны шығарған орган (лаўазымлы шахс) тәрепинен орынлаўға қаратылады.

Ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққындағы қарар Өзбекстан Республикасының нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ўәкилликли органлар (лаўазымлы шахслар) тәрепинен орынланады.

Бир шахсқа қарата ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққында бир неше қарар шығарылған жағдайларда олардың ҳәр бири ғәрезсиз рәўиште орынланады.

Ҳәкимшилик қамаққа алыў ямаса жәрийма салыў (орынның өзинде өндирип алынатуғын жәрийма салыў буған кирмейди) тәризинде ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққындағы қарарды дәрҳал орынлаўға имкан бермейтуғын жағдайлар бар болған тәғдирде, сол қарарды шығарған орган (лаўазымлы шахс) оның орынланыўын бир айға шекем мүддетке кешиктириўи мүмкин.

Ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққында қарар шығарған орган (лаўазымлы шахс) төмендегише:

1. амнистия акти жәрияланып, ол ҳәкимшилик жаза шарасын қоллаўды жоқ қылса;

2. ҳәкимшилик жуўапкершиликти белгилеўши норматив ҳүжжет бийкар қылынған болса;

3. үстинен қарар шығарылған шахс өлген болса, оның орынланыўы тамамлайды.

Егер ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққындағы қарар шығарылған күннен баслап үш ай даўамында орынлаўға қаратылмаған болса, ол жағдайда бундай қарар орынланбайды.

Ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққындағы қарардың орынланыўы менен байланыслы болған мәселелерди сол қарарды шығарған орган яки лаўазымлы шахс шешеди.

Ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққындағы қарардың дурыс ҳәм өз ўақтында орынланыўын қадағалаў сол қарарды шығарған орган яки лаўазымлы шахс мойнына жүклетиледи.

Мысал сыпатында, Нөкис районы жынаят ислери бойынша судының Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислери бойынша қарарын алып қарасақ. Бул суд процесине ҳуқықбузарлардың қәлеўи менен адвокат өз гүўалығы ҳәм ҳәкимшилик исте қатнасыў, алып бары ҳаққында ордери менен қатнасады. 11-апрель 2011 жыл Нөкис районы жынаят ислери бойынша судының Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислери бойынша қарары, судтың судьясы Н.Генжеев, Е.Бөрибаев хаткерлигинде, ҳуқықбузыўшылар М.Қошқаров ҳәм Э.Туреевалардың қатнасында, ашық суд мәжилисинде, Нөкис районы прокуратурасынан келип түскен Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекстиң 61-статьясы 1-бөлими менен ҳуқықбузыўшы қатарында иске тартылған М.Қошқаров ҳәм Э.Туреевалардың қарсысына топланған ҳәкимшилик иси материаллары менен танысып, төмендегилерди анықладым М.Қошқаров 28.03.1979 жыл ҚР. Манғыт қаласында туўылған, ӨзР пуқарасы, миллети өзбек, мағлыўматы жоқары, шаңарақлы, 6-санлы АвтоБаза кәрханасының директоры, бурын судланбаған, бир жыл даўамында ҳәкимшилик жууапкершиликке тартылмаған. Манғыт қаласы Қаратаў көшеси номерсиз жайда жасайды.

Э.Туреева 12.06.1975 жыл ҚР. Мойнақ районында туўылған. ӨзР пуқарасы, миллети туркмен, мағлыўматы орта, шаңарақлы, 6-санлы Автобаза кәрханасының бас есапшысы болып ислейди бурын судланбаған, бир жыл даўамында ҳәкимшилик жууапкершиликке тартылмаған. Нөкис районында Бағелат көшеси номерсиз жайда жасайды.

2011 жыл 24-март күни 6-санлы Автобаза кәрханасында тексериўлер өткерилгенде, кәрхананың директоры М.Қошқаров ҳәм бас есапшы Э.Туреевалар кәрханада ислеўде 6 хызметкерге 2010 жыл смета қәрежетлериниң тийкарғы ис ҳақы фонды есабынан нызамсыз есапланып 1.645.263 сум материаллық хошаметлеў пулын төлеп, 1.645.263 сумлық бюджет қаржыларын растрата қылыў жолы менен талан-тараж қылынғанлығы анықланды.

Солай етип, өзлериниң жоқарыда көрсетилген ис-ҳәрекетлери менен ҳуқықбузыўшылар М.Қошқаров ҳәм Э.Туреевалар ҲЖхКниң 61-статья 1-бөлиминде көрсетилген ҳуқықбузыўшылықты садыр еткен. Суд мәжилисинде ҳуқықбузыўшылар М.Қошқаров ҳәм Э.Туреевалар өз айыпларын толық мойынлап, ис-ҳәрекетлерине пүшайман болып, кеширим сорап көрсетпелер береди.

Ҳуқықбузыўшылар М.Қошқаров ҳәм Э.Туреевалардың айыплары, өзлериниң суд мәжилисинде берген көрсетпелеринен тысқары, алдын-ала сорастырыў дәўиринде берген түсиник хатлары ҳәм басқада истеги топланған ҳүжжетлер жыйындысы менен толық тастыйықланды. Олардың ис-ҳәрекетлери ҲЖхКниң 61-статья 1-бөлими менен дурыс квалификация етилген.

Ҳуқықбузыўшылар М.Қошқаров ҳәм Э.Туреевалардың жаза тайынлаўда, олардың садыр еткен ҳуқықбузарлықларының характерин, олардың шаңарақлы болып қараўларында перзентлери бар екенлигин, олардың алдынлары судланбаған ҳәм ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылмағанлықларын есапқа алып, оларға статья санкциясы шеңберинде жәрийма жазасын тайынлаўды лазым таптым.

Жоқарыдағыларғы тийкарланып ҳәм ҲЖхКниң 309-311-статьяларды басшылыққа алып М.Қошқаров ҲЖхКниң 61-статья 1-бөлиминде көрсетилген ҳуқықбузыўшылықты ислегенликте айыплы деп табылып, ең кем айлық ис ҳақының 3 (үш) еседи муғдарында, 238.770 сум жәрийма жазасы қолланылды. Э.Туреева ҲЖхКниң 61-статья 1-бөлиминде көрсетилген ҳуқықбузыўшылықты ислегенликте айыплы деп табылып, ең кем айлық ис ҳақының 3 (үш) есеси муғдарында, 238.770 сум жәрийма жазасы қолланылсын деп қарар етилди.

Қарарға наразы тәреп, қарар көширмесин алған күннен баслап 10 күн мүддет ишинде усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы жынаят ислери бойынша жоқары судына кассациялық тәртибинде, ал 10 күннен кейин бақлаў тәртибинде арза бериўге ерикли.

## III бап бойынша жуўмақ

Жоқарыдағылардан келип шығып жуўмақлайтығын болсақ, адвокат ҳәкимшилик исин алып барыў ушын ҳәкимшилик процесинде ордер менен тәмийинлениўи лазым. Адвокат суд процесине қатнасыўы ушын гүўалығы менен бирге ҳәкимшилик исин алып барыўға берилген ордеринен басқа ҳеш қандай рухсат етиўши ҳүжжетлер талап етилмейди.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис бойынша шығарылған суд карарына наразы болған шахстың атынан адвокат жынаят ислери бойынша жоқары судына кассациялық тәртибинде арза бериўге ҳақылы есапланады. Егер адвокаттың қорғаўындағы шахстың сораўы менен ғана әмелге асырылыўы мүмкин. Мысалы, арзада ең кем айлық ис ҳақының үш есеси муғдарында салынған жәрийма жазасының орнына бир есеси муғдарындағы жәрийма жазасына өзгертиўин сорап мүрәжат етиўи мүмкин.

Бундай жағдайда адвокат ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин көриўде гүўалық ҳәм ордери менен қатнасыўы, пуқаралардың ҳуқықларын қорғаўда, олар менен байланыслы ислердиң тез ҳәм нәтийжели алып барыўында үлкен жәрдем береди. Сондай-ақ суд процеслеринде адвокат өзиниң қорғаўындағы шахстың мәпин гөзлеп иске қатнасады. Суд карары үстинен наразылық шағым арзасын бериўи әдиллик принципиниң көриниси болып табылады.

Адвокат өз ўәкиллигиндеги жумысларын алып барыўда оның өмирине қастыянлық етиў, исти алып барыўда тосқынлықлар пайда етиў ҳәм басқа ҳәрекетлер менен оны тоқтатыўға ҳеш бир органның ҳәмде пуқаралардың ҳақысы жоқ. Бул бойынша адвокаттың ҳуқықлары ҳәкимшилик нызамшылығы ҳәмде адвокатура ҳаққындағы нызамлар менен қорғалады.

## Жуўмақ

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 13-статьясына муўапық[1]: «Өзбекстан Республикасында демократия улыўма адамгершилик принциплерине тийкарланады, буларға муўапық адам, оның турмысы, еркинлиги, ар-намысы, адамгершилиги ҳәм басқа да ажыралмас ҳуқықлары ең жоқары байлық болып табылады. Демократиялық ҳуқықлар ҳәм еркинликлер Конституция ҳәм нызамлар менен қорғалады» -делинген.

Адвокатура Өзбекстан Республикасы Конституциясына тийкарланып Өзбекстан Республикасы пуқаралары, сырт ел пуқаралар, пуқаралығы болмаған шахсларға, кәрханаларға, мәкемелерге, шөлкемлерге юридикалық жәрдем көрсетеди. Жоқары юридик мағлыўматларға ийе болған ҳәм белгиленген тәртипте адвокатлық хызмети менен шуғылланыў ҳуқықын бериўши лицензияны алған Өзбекстан Республикасының пуқарасы Өзбекстан Республикасында адвокат болыўы мүмкин. Адвокатлық хызмети менен шуғылланыў ҳуқықын бериўши лицензияны алыў ушын шахс тәжирийбе имтиханын тапсырыўы шәрт. Адвокатлық хызмети менен шуғылланыў ҳуқықын бериўши лицензия Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлиги, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қалалық әдиллик басқармалары тәрепинен тийисли тәжрийбе комиссияларының қарарларына тийкарланып бериледи.

Белгиленген тәртипте қатнасыққа уқыпсыз ямаса қатнас уқыплылығы шекленген деп табылған шахслар, сондай-ақ судланғанлығы бийкар етилмеген ямаса алып тасланбаған шахслардың адвокатлық хызмети менен шуғылланыўға жол қойылмайды.

Адвокатура өз хызметин нызамның үстинлиги, ғәрезсиз ҳәм басқа демократик принциплер тийкарында әмелге асырады.

Адвокатлық хызмети менен шуғылланыў ҳуқықын бериўши лицензияны белгиленген тәртипте алған шахс өз адвокатлық бюросын ашып, жеке тәртипте хызмет көрсетиўге ямаса ықтыярлық тийкарында

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Тошкент-2012, 5 б.

басқа адвокатлар (шериклер) менен коллегиялар ҳәм фирмалар дүзиўге ҳақылы есапланады.

Физикалық ҳәм юридикалық шахсларға юридикалық жәрдем көрсетиў мақсетинде адвокат:

1) ҳуқықый мәселелер бойынша мәсләҳәтлер ҳәм түсиндириўлер, нызам ҳүжжетлери жүзесинен аўызеки ҳәм жазба мағлыўматнамалар береди;

2) ҳуқықый қәсийеттеги арзалар, шағымлар ҳәм басқа ҳүжжетлерди дүзеди;

3) пуқаралық ислери ҳәмде ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислер бойынша судта, басқа мәмлекетлик органларында, физикалық ҳәм юридикалық шахслар алдында ўәкилликти әмелге асырады;

4) жынайый ислер бойынша дәслепки тергеўде ҳәм судта адвокат, жәбирлениўшиниң ўәкили, пуқаралық даўагер, пуқаралық жуўапкер сыпатында қатнасады;

5) исбилерменлик хызметине юридикалық хызмет көрсетеди. Адвокат нызам ҳүжжетлеринде қадаған етилмеген басқа түрдеги юридикалық жәрдемде көрсетиўи мүмкин.

Жоқарыда айтып өткенимиздей Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы аймағында ҳуқық тараўының ажыралмас бир бөлеги болған адвокатура уйымларының адвокатлары ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққында илимий теориялық ҳәм әмелий билим базасына ийе болыўы лазым. Адвокат өз хызметин иске асырыўдан алдын, адвокатлық статусқа, гүўалығына, лицензиясына, ҳәкимшилик исти алып барыўға тийисли ордерге ийе болыў шәрт. Жәмийетлик қатнасықларда жүз берген қылмыстың жынайый қылмыстан ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық характерлерин ажыратып алыў ҳәмде ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық екенин тән алыўы лазым.

Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери тараўында Өзбекстан Республикасы: ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы нызам ҳүжжетлериниң принциплерин анықлайды ҳәм улыўма қағыйдаларын белгилеп береди; ҳәкимшилик жуўапкершиликке себеп болатуғын ҳәрекет ҳәм ҳәрекетсизликти, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислерди көрип шығыў ўәкиллигине ийе болған органлар системасын (лаўазымлы шахсларды), усы ислерди жүритиў ҳәм шығарылған қарарлардың орынланыў тәртибин белгилейди; ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери тараўында Қарақалпақстан Республикасының ўәкилликлерин белгилейди; ўалаятлар ҳәм Ташкент қала ҳәкимияты ўәкиллик органлары ҳәмде ҳәкимлери ҳәкимшилик жуўапкершилик нәзерде тутылатуғын қарар қабыл қылыўлары мүмкин болған мәселелери шеңберин белгилейди.

Ҳәкимшилик жуўапкершиликти тәртипке салыўшы тийкарғы нызам ҳүжжети - Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекси болып, республика аймағындағы ҳәкимшилик жуўапкершилик нормаларын тәртипке салады, яғный:

бириншиден, ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы нызам ҳүжжетлериниң улыўма жағдайлары ҳәм принциплерин беккемлейди;

екиншиден, республика аймағында улыўма мәжбүрийлик қәсийетине ийе болған қағыйдалардың бузылыўы ушын ҳәкимшилик жуўапкершиликти орнатады;

үшиншиден, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин көрип шығыў ҳәм ҳәкимшилик жаза қоллаў ҳаққындағы қарарларын орынлаў процессин тәртипке салады;

төртиншиден, ҳәкимшилик жаза түрлерин ҳәм ҳәкимшилик-процессуал мәжбүрлеў шараларын орнатады.

Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы исти көрип шығыўда усы ҳуқықбузарлықты садыр еткен шахсты услап турыў ўақтынан баслап адвокат катнасыўы мүмкин. Адвокат иске тийисли материаллар менен

танысып шығыўға, оған мүрәжат еткен шахстың тапсырмасына муўапық ҳәм оның атынан илтимаслар қылыўға ҳәм ис бойынша шығарылған қарар үстинен шағым бериўге ҳақылы. Адвокат ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин көриўде гүўалық ҳәм ордери менен қатнасыўы, пуқаралардың ҳуқықларын қорғаўда, олар менен байланыслы ислердиң тез ҳәм нәтийжели алып барыўында үлкен жәрдем береди. Сондай-ақ суд процеслеринде адвокат өзиниң қорғаўындағы шахстың мәпин гөзлеп иске қатнасады. Суд қарары үстинен наразылық шағым арзасын бериўи әдиллик принципиниң көриниси болып табылады. Бул илимий жумыста адвокаттың ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде жүзеге келип атырған машқалаларды шешиў мәселелерин үйрендик ҳәм оны анализледик, соның менен бирге бул тараўда ушрасып атырған машқалаларды үйрениў менен бирге оны шешиў жолларын ашып бериўге ҳәрекет еттик.

Илимий диссертация жумыс бойынша пикир ҳәм усынысларымызды төмендегише берип өтемиз:

- ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокаттың ҳуқықый искерлик механизмин асырыў;

- пуқаралардың ҳәкимшилик жуўапкершилик ислерине тийисли тартыслы мәселелерин шешиўди адвокатура уйымларына мүрәжат етиўге тартыў ҳәм көрип шығыўын жетилистириў;

- адвокатура уйымларында ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислерин жүргизиўде адвокатлардың ордерден пайдаланыўда жеңиллик жаратып бериў;

- адвокат сорастырыўшының, тергеўшиниң, прокурордың ҳәм судтың ҳәрекетлери ҳәмде қарарлары үстинен шағым арза бериў ҳаққында жаңа статьяны Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекске киритиў лазым;

- адвокатлардың ҳуқықый жумыс алып барыўы ушын мәмлекетлик салықлардан жеңилликлер жаратылып берилсе мақсетке муўапық болады.

## Пайдаланылған әдебиятлар дизими.

### I. Өзбектан Республикасының Нызамлары


1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. -Т.: Ўзбекистон. 2012.
2. Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Ўзбекистон Республикаси 22.09.1994 й. 2015-XII-сон Қонуни билан тасдиқланган.
3. «Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодексига қўшимчалар киритиш ҳақида»ги Ўзбекистон Республикасининг Қонуни. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис палаталарининг Ахборотномаси. 2010. №5.
4. "Йул харакати хавфсизлиги тўғрисида"ги Ўзбекистон Республикасининг 1999 йил 19 август Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1999, №9, 215-м.
5. Ўзбекистон Республикасининг "Фуқаролиги тўғрисида»ги 1992 йил 2 июл Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси,1992, №9, 338-м
6. "Жазони ижро этиш муассасаларидан бўшатилган шахслар устидан ички ишлар идораларининг маъмурий назорати тўғрисида"ги Ўзбекистон Республикасининг 1992 йил 9 декабр Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1993, №1, 33-м.
7. "Табиатни муҳофаза қилиш тўғрисида"ги Ўзбекистон Республикасининг 1992 йил 9 декабр Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1993, №1, 38-м.
8. "Давлат божхона хизмати тўғрисида"ги Ўзбекистон Республикасининг 1997 йил 29 август Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1997, №9, 230-м.
9. "Давлат солиқ хизмати тўғрисида"ги Ўзбекистон Республикасининг 1997 йил 29 август Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1997, №9, 232-м.
10. "Хўжалик юритувчи субъектлар фаолиятини давлат томонидан назорат қилиш тўғрисида"ги Ўзбекистон Республикасининг 1998 йил 24 декабр Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1999, №1, 8-м.
11. "Ўзбекистон Республикасининг Давлат чегараси тўғрисида"ги 1999 йил 20 август Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1999, №9, 217-м.
12. "Фуқаро муҳофазаси тўғрисида"ги Ўзбекистон Республикасининг 2000 йил 26 май Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2000, №5-6, 151-м.

13. “Норматив-ҳуқуқий ҳужжатлар тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 2000 йил 14 декабр Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2001, №1-2, 8-м.

14. “Судлар тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 2000 йил 14 декабр Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2001, №1-2, 10-м.

15. Қурилиш соҳасидаги ҳуқуқбузарликлар учун юридик шахсларнинг жавобгарлиги тўғрисида Ўзбекистон Республикасининг 2000 йил 15 декабр Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2001, №1-2, 21-м.

16. “Прокуратура тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 2001 йил 29 август Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2001, №9-10, 168-м.

17. “Умумий ҳарбий мажбурият ва ҳарбий хизмат тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 2002 йил 12 декабр Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2002, №12, 217-м.

18. “Фуқароларнинг мурожаатлари тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 2002 йил 13 декабр Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2003, №1, 7-м.

19. “Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Махкамаси тўғрисида”ги 2003 йил 28 август Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2003, №9-10, 138-м.

20. “Фуқаролар йиғини раиси (оқсоқоли) ва унинг маслаҳатчилари сайлови тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 2004 йил 29 апрел Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2004, №5, 78-м.

21. “Баъзи давлат бошқарув органларининг қайта ташкил этилганлиги муносабати билан Ўзбекистон Республикасининг айрим қонун ҳўжжатларига ўзгартишлар киритиш тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 2005 йил 15 сентябр Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2005, №37-38, 277-модда.

22. О Законе Республики Узбекистан «О внесении изменений и дополнений в некоторые законодательные акты Республики Узбекистан в связи с принятием Конституционного Закона Республики Узбекистан «Об усилении роли политических партий в обновлении и дальнейшей демократизации государственного управления и модернизации страны». 28 февраль, 2007.

23. Ўлим жазоси бекор қилиниши муносабати билан Ўзбекистон Республикасининг айрим ҳужжатларига ўзгартиш ва қўшимчалар киритиш тўғрисидаги Қонун. 2007 йил 29 июн.

24. Закон о внесении изменений и дополнений в некоторые законодательные акты Республики Узбекистан в связи с передачей судам права выдачи санкции на заключение под стражу. 2007. 29 июн.

25. Қамоққа олишга санкция бериш ҳуқуқи судларга ўтказилиши муносабати билан Ўзбекистон Республикасининг айрим қонун

ҳужжатларига ўзгартиш ва қўшимчалар киритиш тўғрисидаги Қонун. 2007, 29 июн.

26. Закон Республики Узбекистан о внесении изменений и дополнений в Закон Республики Узбекстан «О средствах массовой информации». Закон Республики Узбекстан о средствах массовой информации (новая редакция). Ведомости палат Олий Мажлиса Республики Узбекстан. 2007, №1.

27. Закон Республики Узбекстан о внесении поправок в статьи Конституции Республики Узбекстан (статья 89, пункт 15 статьи 93, часть вторая статьи 102). 29 март 2007.

28. Маъмурий қамоққа олинган шахсларни сақлаш харажатларини ундириш тўғрисида"ги Ўзбекистон Республикаси 06.05.1995 й. 68-I-сонли Қонуни.

29. «Адвокатура тўғрисида"ги Ўзбекистон Республикаси 15.09.2005 й. Қонуни.

30. «Адвокатура институтини такомиллаштирилиши муносабати билан Ўзбекистон Республикасининг айрим қонун ҳужжатларига ўзгартириш ва қўшимчалар киритиш тўғрисида"ги Ўзбекистон Республикаси 2008 й., 52-сонли Қонуни.

## II. Өзбекстан Республикасының норматив-ҳуқыйқый ҳүжжетлери

1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг "Ўзбекистон Республикасида адвокатура институтини янада ислоҳ қилиш чора-тадбирлари тўғрисида"ги 2008 йил 1 майдаги Фармони. // "Халқ сўзи" газетаси, 2008 йил 2 май, № 19 (671).

2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг "Тадбиркорлик субъектларини ҳуқуқий ҳимоя қилиш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида" 2005 йил 14 июн Фармони. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2005, № 23-24, 167-модда.

3. Ўзбекистон Республикаси Президентининг "Республика давлат бошкаруви органлари тизимини такомиллаштириш тўғрисида"ги 2003 йил 9 декабр Фармони. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2003, № 23, 229-модда.

4. Ўзбекистон Республикаси Президентининг "Тадбиркорлик субъектлари томонидан тақдим этиладиган ҳисобот тизимини такомиллаштириш ва уни ноқонуний талаб этганлик учун жавобгарликни кучайтириш тўғрисида" 2005 йил 15 июн Қарори. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2005, № 23-24, 168-модда.

5. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг "Вилоятлар, шаҳарлар ва туманлар ҳокимликлари ҳузуридаги назорат инспекциялари тузилмасини тартибга солиш тўғрисида"ги 2000 йил 21 ноябр Қарори. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2000, № 9-10, 144-модда.

6. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг “Вояга етмаганлар ишлари бўйича комиссиялар фаолиятини такомиллаштириш ҳақида”ги 2000 йил 21 сентябр Қарори. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2000, № 6, 99-модда.
7. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг “Давлат бошқаруви ҳудудий органлари тузилмасини такомиллаштириш тўғрисида” ги 2004 йил 5 январ Қарори // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2004, № 1-2, 11-модда.
8. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг “Ўзбекистон Республикаси Халқ таълими вазирлиги фаолиятини такомиллаштириш тўғрисида”ги 2004 йил 5 август Қарори. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2004, № 31, 356-модда.
9. Ўзбекистон Республикаси Адля Вазирининг «Адвокатлик гувоҳномаси ва адвокатларнинг давлат реестрларини юритиш тартиби тўғрисидаги Низомни тасдиқлаш ҳақида»ги Буйруғи 2009 йил 31 март.
10. Ўзбекистон Республикаси Адля Вазирининг «Адвокат томонидан ишни олиб боришга ордер шаклини тасдиқлаш тўғрисида»ги Буйруғи 2009 йил 8 апрел.

## III. Өзбекстан Республикасы Президентиниң мийнетлери

1. И.А.Каримов «Буюк келажагимизнинг ҳуқуқий кафолати».-Т., «Шарқ», 1993 йил.
2. И.А.Каримов Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. – Т.: Ўзбекистон. 1993 йил.
3. И.А.Каримов. Өзбекстанның жәмийетлик-сиясий ҳәм экономикалық раўажланыўының тийкарғы принпиплери. Н.: «Қаракалпакстан» 1995-жыл.
4. И.А.Каримов Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т. I-. Тошкент: «Ўзбекистон», 1996.
5. И.А.Каримов Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т. 2. - Тошкент: «Ўзбекистон», 6.1996. 3. Каримов И.А. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т. 3.- Тошкент: «Ўзбекистон», 1996.
6. И.А.Каримов. Бунёдкорлик йўлидан. Т. 4. - Тошкент: «Ўзбекистон», 1996.-3945.
7. И.А.Каримов. Янгича фикрлаш ва ишлаш-давр талаби. Т. 5- Тошкент: «Ўзбекистон», 1997.
8. И.А.Каримов. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. Т. 6.- Тошкент: «Ўзбекистон», 1998.
9. И.А.Каримов. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. Т.7.-Тошкент: «Ўзбекистон», 1999.
10. И.А..Каримов. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз Т. 8. - Тошкент: «Ўзбекистон», 2000. - 525 б.
11. И.А.Каримов. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз. Т. 9.-Тошкент: «Ўзбекистон», 2001.

12. И.А.Каримрв. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. Т. 10.-Тошкент: «Ўзбекистон», 2002.

13. И.А.Каримов. Биз танлаган йўл — демократик тараққиёт ва маъри-фий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т. 11. - Тошкент: «Ўзбекистон», 2003.

14. И.А.Каримов. Тинчлик ва хавфсизлигимиз ўз куч-қудратимизга, ҳам-жиҳатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлиқ. Т. 12. - Тошкент: «Ўзбекис-тон», 2004.

15. И.А.Каримов Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. 13-том. –Т.: «Ўзбекистон», 2005 йил.

16. И.А.Каримов  Жоқары мәнаўият жеңилмес күш. Т.: «Манавият» 2008 жыл.

17. И.А.Каримов Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. - Т., «Ўзбекистон», 2009 йил.

18. И.А.Каримов Жаҳон инқирозининг оқибатларини енгиш, мамлакатимизни модернизация қилиш ва тараққий топган давлатлар даражасига кўтарилиш сари. 18-том. - Т., «Ўзбекистон», 2010 йил.

19. И.А. Каримов. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты. “Халқ сўзи” газетаси, 14-ноябрь 2010.

20. И.А..Каримов. Бизнинг йўлимиз-демократик ислоҳотларни чуқурлаштириш ва модернизация жараёнларини изчил давом этириш йўлидир // Инсон ва қонун. 2011 йил 8 декабрь

21. И.А.Каримов. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида.- Т.: “Ўзбекистон”, 2012.

22. И.А.Каримов. Инсон манфаати, ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш-бизнинг бош мақсадимиздир.  Ўзбекистон Республикаси Конституциясига 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимидаги маърузаси. –Халқ сўзи газетаси, 8-декабрь, 2012, №239

## IV. Тийкарғы әдебиятлар

1. Адвокатская деятельность: учебно-практическое пособие / Под общ.редакцией В.Н.Буробина.- М.: ИКФ Экмос, 2003.

2. Азизов И.Б., Хван Л.Б. Проблемы и перспективы развития законодательства об адвокатуре // Давлат ва хукук (Государство и право), 2000, №2.

3. Азизов И.Б., Хван Л.Б. Реестр адвокатов: обеспечение транспарентности и доступа к источникам юридической помощи // В кн.: Реестр адвокатов города Ташкента. Профессиональные сведения об адвокатах. На узб., рус. и англ.языках.-Ташкент, 2004.- 416 с.

4. Арипджанов А.А., Хван Л.Б. Вопросы профессионального поведения и этики адвокатов. В кн.: Адвокатура Узбекистана: содействие в рефор-мировании.-Ташкент: ИД "Мир экономики и права", 2002, с.268-300.

5. Басков В.И. Курс прокурорского надзора. Учебник для студентов юридических ВУЗов и факультетов с приложением нормативных актов.- М: “Зерцало”, 1998.

6. Бахрах Д.Н., Ренов Э.Н. Производство по делам об административных правонарушениях.-М., 1989.-96с.

7. Бернам У., Решетникова И.В., Прошляков А.Д. Судебная адвокатура.- СПб., “Изд-во Санкт-Петербургского университета”, 1996.

8. Борщевский М.Ю. Адвокат, адвокатская фирма, адвокатура : Учебное пособие- М: “Белые альвы”, 1995.

9. Борщевский М.Ю. Организация и деятельность адвокатуры в России: Научно- практическое пособие. М: “Юристъ”, 1997.

10. Гофштейн М.А. О кодексе профессиональной чести адвоката (Нравственные начала в уголовном процессе).//Адвокат, №6,7,М., 1997.

11. Кононов П.И. Административный проoцесс: Подходы к определению понятия и структуры. Государство и право. 2001, №6, с.16-24.

12. Корпоративная адвокатура. Курс лекций для учебной сессии // Отв.ред. Л.Б.Хван. - Ташкент: Консаудитинформ, 2004. - 352 с.

13. Масленников М.Я. Административно-юрисдикционный процесс.-Воронеж: ВГУ, 1990.-208с.

14. Масленников М.Я. Порядок применения административных взысканий.-М.: БЕК, 1997.-272с.

15. Муминов М.М. Создание и развитие адвокатуры в Узбекистане: дисс. … канд.юрид.наук.-Ташкент, 1975.

16. Пояснительная записка к проекту закона РУз "Об адвокатуре". - В кн.: Адвокатура Узбекистана: содействие в реформировании.-Ташкент: ИД "Мир экономики и права", 2002, с.166-183 (Азизов И.Б., Амбарцумов Р.Г., Ахмедшин Р.Г., Ишанханова Г.А., Саломов Б., Хван Л.Б.).

17. Права человека: сборник международных документов. Хельсинкский фонд по правам человека.-Варшава, 2002.

18. Решетников Ф.М. Правовые системы стран мира. Справочник. - М.: “Юрлит”. 1993.

19. Rustamboyev X.M. O’zbekiston Respublikasida advokatlik faoliyati.-Toshkent, 2007.

20. Савицкий В.Н. Организация судебной власти в Российской Федерации. Учебное пособие для ВУЗов- М: “Бек”, 1996.

21. Саидов А.Х., Саркисянц Г.П. Юридический язык и юридическая речь. - Т.: “Адолат”, 1994.

22. Саломов Б. Узбекистонда адвокатлик фаолияти. Т., “Адолат”, 2000.

23. Сорокин В.Д. Административный процесс и административно-процессуальное право.-СПб., 2002.-474с.

24. Старилов Ю.Н. Административная юстиция. Проблемы теории.-Воронеж: ВГУ, 1998.-200с.

25. Трунов И.Л., Трунова Л.К. Легализация доказательств, собранных адвокатом // Ученые труды Российской академии адвокатуры. Вып. 2.-М., 2002.-с.111-121.

26. Хван Л.Б. Адвокатская деятельность и иные аспекты ее правового регулирования (предложения по изменению и дополнению законодательства РУз).-В кн.: Адвокатура Узбекистана: содействие в реформировании.-Ташкент: ИД "Мир экономики и права", 2002, с.411-425.

27. Хван Л.Б. Гражданский кодекс РУз и вопросы регулирования статуса адвокатских формирований (предложения по дополнению Гражданского кодекса РУз). - В кн.: Адвокатура Узбекистана: содействие в реформировании.-Ташкент: ИД "Мир экономики и права", 2002, с.345-363.

28. Хван Л.Б. Модули учебных занятий для адвокатов (предложения для обсуждения) // Современное состояние адвокатуры в странах Центральной Азии: проблемы и перспективы. - Ташкент, 2003, с.124-132.

29. Хван Л.Б. Некоторые вопросы регулирования адвокатской практики: сравнительно-правовой анализ законодательства стран СНГ//Журнал российского права, 2001, №3, с.86-96.

30. Хван Л.Б. Особенности налогообложения адвокатской деятельности в Республике Узбекистан / Ваш налоговый адвокат (Россия), 2002, №1, с.95-102.

31. Хван Л.Б. Статус адвоката и производство по делам об административных правонарушениях (предложения по изменению и дополнению Кодекса РУз об административной ответственности). - В кн.: Адвокатура Узбекистана: содействие в реформировании.-Ташкент: ИД "Мир экономики и права", 2002, с.375-410.

32. Хамидев А.И. Ўзбекистон Республикасида маъмурий ҳуқуқ алоҳида институтларини такомиллаштиришнинг концептуал асослари. Т., 2005й

33. Xojiev E. Advokat va mamuriy huquqbuzarlik togrisidagi ishlarni yuritish. T.: 2010, 31 б.

34. Юджин Хаски Российская адвокаты и советское государство.-М., 1993.- 184 с.

35. Якимов А.Ю. Административно-юрисдикционный процесс и административно-юрисдикционное производство. Государство и право. 1999, №3, С.5-10.

## V. Қосимша әдебиятлар

1. Хаманева Н.Ю. Административно-правовой статус гражданина Российской Федерации.-М., 2000.-108с.

2. Хаманева Н.Ю. Защита прав граждан в сфере исполнительной власти. М., 1997 г.

3. Хаманева Н.Ю., Салищева Н.Г. Административная юстиция и административное судопроизводство в Российской Федерации.-М., 2001.-68 с.

4. Рушайло В.Б. Административно-правовые режимы: монография.-М.: Щит-М, 2000.-264с.

5. Зоммерман К.П., Старилов Ю.Н.. Административное судопроизводство (юстиция) в Германии: История развития и основные черты. Государство и право, 1999, №7, с.70-77.

6. Комментарий к Конвенции о зашите прав человека и основных свобод и практике ее применения / Под ред.В.А.Туманова и Л.М.Энтина.-М.: НОРМА, 2002.-336с.

## VI. Интернет сайтлар

1. http:// www.ziyonet.uz
2. http:// www.advokat.uz
3. http:// www.lex.uz
4. http:// www.info@advokat.uz
5. http:// www.hmadad.uz